

MINAMATO YEMAZUVA ESE
CHIPOROFITA CHANHASI CHEKUTaura

CHINYORWA

1

Ndira-Kukadzi-Kurume

2026

Nhau Dzakanaka

ZUVA NEZUVA

MAHARA
KWETE KUTENGESWA

IBI BUKO KUCHENGEZWA
NEVUTABADZWA NISO DAKA
KINODZWA KUGOZWA MAHARA

SEMYURA INOTONHORERA KUMWEYA UNE NYOTA, NDIZVO ZVAKAITA **NHAU DZAKANAKA** DZINOSVA KUNYIKA IBI KURE. (ZVIREVO. 25:25)

Uebert & BeBe
ANGEL



NEZVE BHUKU REKUNAMATA RENHAU DZAKANAKA ZUVA NEZUVA

Bhuku reNchau Dzakanaka reZuva Nezuva ibhuku rechiKristu rinoremekedzwa zvikuru uye rakanyorwa zvine unyanzvi kuti riwedzere kukura pamweya zuva rega rega repagore. Rinopa ruzivo rwakadzama, zvakazarurwa zvine simba, uye zvakataurwa nechiporofita zvezuva nezuva donzvo ririre kutungamirira vaverengi kurarama hupenyu hwakatarisana nechikristu, hwakadzika midzi mune zvakadzidziswa uye zvakazarurwa nemuporofita Uebert Angel. Rinobudiswa ka ina gore roga roga, bhuku rekunamata iri rinozivikanwa nekushandura upenyu pasi rose, uye rinowanikwa mahara mumitauro yakasiyana siyana kuti ribate munhu wese pasi rose kuburikidza nenhau dzaro dzinoshandura upenyu.

UEBERT NA BEBE ANGEL

Neruzivo rwakakura muhushumiri hwenguva refu, Uebert naBeBe Angel vakabuda semazwi ane mukurumbira mukugovera shoko rakanaka renyasha dzaMwari (Euangelion) uye kufambisira mberi hushumiri hwechiporofita pasi rose. Sevanyi vane mukurumbira vane mabhuku akaita se Spiritual Warfare, Prayer Banks, Supernatural Power Of The Believer, Grace Driven Life ne Nchau Dzakanaka, nekuda kweunyanzvi hwavo muzvinyorwa vawedzera mutakunanzva muzvinyorwa zvechikirisitu. Vanozivikanwa nekuda kwechiratidzo chavo, hunyanzvi, nehutungamiriri hune simba, Uebert naBeBe Angel vanotsvakwa zvakananyanya sevakurukuri vemumisangano. Semapiona epasi rese uye vatungamiri veChechi yeMashoko Akanaka (Spirit Embassy) uye vane chinzvimbo cheMuporofita, vanesimba guru muhupenyu hwemamiriyoni pasi rese, vachitungamirirwa nekuzvipira kwavo kusingazununguki pakuparidza zvakazarurwa zveMashoko Akanaka nesimba rinoshandura renyasha dzaMwari (Euangelion).





Mabasa 19:11

Mwari akaita mabasa anoshamisa kubudikidza naPauro

Shoko rokuti “akaita” murugwaro urwu rakashandurwa kubva mushoko rechigiriki poiéō, rinoreva kuvaka kana kugadzira chinhu nenzira inoshamisa. Izvi zvinoratidza kuti munana wakaitika muvaEfeso yaishamisa, ichichundutsa uye iri yemhando yepamusoro isati yakamboonekwa. Muapostora Pauro akazongo yerekana ava kufamba mumunana inoshamisa, kupfuura zvaaitarisira, zvainge zvakapfuura minana yainge yakamboitika muhushumiri hwake. Izvi zvaiva zvishamisi zvakazarurwa zvemhando yepamusoro.

Cherechedza chirevo chinoti “kubudikidza nemaoko aPauro.” Izvi zvinoratidza kwatiri kuti Mwari anopedzisa zvinangwa zvake nevana vake. Kubudikidza nemaoko ako pachako, uchawana zvapupu zvinotyisa zvisati zvamboitika. Uchaita mabasa makuru asati akamboonekwa mumhuri yako, mubhizimisi rako, mune zvose zvinokubata, uye zvave kutotanga iye zvino!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Gore rino ndiro gore rangu remabasa makuru uye mashiripiti ehumudzimu. Ndiri kuprofitika kune zuva rimwe nerimwe regore idzva iri kuti riunze zvakanakisisa zvaMwari kwandiri. Gore rino harina kwekukundikana kwandiri; igore randichakunda muna Jesu Zita!



**KUPFURIKIDZA
KUPERENGA**
Mako 16:17-18



**MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI
KWEMAZUVA 365: Genesisi 1-3; Mateu
1**

GoodNews
DAILY

ZVIRATIDZO ZVIRIPI?

Mako 16:17-18

Uye zviratidzo izvi zvichatevera vanotenda. Vachadzinga mweya wakaipa muzita rangu, vachataura nendimi itsva; vachabata nyoka namaoko avo, uye kunyangwe vakanwa muchetura unouraya haungavakuvadzi napaduku, vachaisa maoko avo pamusoro pavarwere, uye vachapora

Jesu anoonesa zviratidzo zvinotsindidza avo vanotenda maari. Izvi zvinoreva kuti kana uchitenda zvechokwadi muna Jesu, haugoni kumboty. Kana uchitya chirwere, mukuru wako, kutanga bhizimisi, kana hukama, saka wakatenda muna Mwari upi?

Magwaro anhasi anotaura kuti zviratidzo zvinoshamisa uye zvine simba zvinotevera avo vanotenda muna Mwari. Kana zviratidzo zvisiri kukutevera, tarisa danho rekutenda kwako.

Ini ndakaisa maoko pamusoro pevanhu zviuru vane zvimwe zvirwere zvinotapurika zvakananyanya zvinozivikanwa kumanhu, asi handimbotyi kubatwa nechirwere ichocho. Ndinoziva kuti ndiri ani, uye kutya hakusi muropa rangu.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Gore rino handingakanganiswe nerufu kana zvinhu zvisina kunaka. Dhiyabhorosi akanonoka kuuya kuti ndiwire pasi, ndatova ndakakunda nezita raJesu! Haleluya!



**KUPFURIKIDZA
KUVERENGA**
Ruka 10:19



**MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI
KWEMAZUVA 365**
MAGWARO AKO EZUVA RANHASI:
RUKA 1:1-20; MAPISAREMA 1-3



NDINOTENDA MUMINANA

VaHebheru 2:4

Uye Mwari akasimbisa shoko kubudikidza nekupa zviratidzo nezvishamiso uye mashiripiti akasiyana uye zvipo zveMweya Mutsvene paanoda.

Zvinorwadza kuti vamwe vanhu vanoverenga Bhaibheri vanoti minana haichipo, asi maonero akadaro haana kururama uye havana zivo. Vamwe vedu tinorarama, tino fema, tino ona, uye tino sangana neminana mazuva ose. Kutenda muna Mwari kureva kutenda mune zvishamiso. Kana usingatendi muminana, hauna kutenda muna Mwari!

Zvishamiso chiitiko chaMwari chinopindira mukati meupenyu hwevanhu. Mwari mweya, uye anogara munyika yemweya. Anopindura munamato ari munyika isingaonekwi, izvozvo utori munana pechezvawo.

Mugore rino, Mwari anoda kusimudzira munana muhupenyu hwako. Tiri mumwaka wemabasa asina kumboonekwa, uye akakurisa zvikuru. Tanga kushanda neshoko uye vaka kutenda kwako kusvikira zvishamiso zvakungoitika zvega muupenyu hwako.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndiri kutaura kukwira kwemashiripiti muhupenyu hwangu izvozvi nesimba rakapiwa kwandiri neMweya Mutsvene! Chimwe nechimwe chisiri panzvimbo, chizviratidze zvino pakurira kwezwi rangu muna Jesu Zita!



**KUPFURIKIDZA
KUVERENGA**
Mako 16:20



**MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI
KWEMAZUVA 365
MAGWARO AKO EZUVA RANHASI:
GENESISI 4-6; MATEU 2**



SARUDZA MUSUO

Mateu 7:13

Pindai napasuo rakamanikana nokuti suo rakafara nenzira yakapamhamha zvinotungamirira kukuparadzwa, uye vazhinji vanopinda naro.

Fungidzira uchitumwa basa asi uine sarudzo mbiri: mugwagwa wakareruka unopera nerufu, nemugwagwa wakaoma unotungamirira kuhupenyu. Munhu wese anoenda kukereke anosarudza nzira yechipiri. Ndiani anoda kurasikirwa neupenyu hwake? Hongu hapana.

Vamwe maKristu vanozviwana vari pamugwagwa “wakapfava” wepanyika, une mwenje inopenya, mimhanzi inobata, hukama hunofadza, uye zvose zvinoita sokunge zvakaringana. Mubvunzo woti zvakaringana here?

Hama, dhiabhorosi haagoni kuita Gehena rakanaka, saka anoita kuti mugwagwa unotungamira ikoko uite kunge wakanaka. Chenjerai runako rwenhema uye rwenguva pfupi rwezvinhu zvenyika. Ita kuti gore rino usasuduruke pasuo rakamanikana rinotungamira kuhupenyu husingaperi.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndiri kuprofita kuti upenyu hwangu hahuzomborasika pamugwagwa wakafara, meso angu akazaruka zvakanyanya pakunyengedza kwemuvengi. Dhiyabhorosi akanonoka kuuya; handinghambo vhiringidzwa! Amen.



KUPFURIKIDZA KUDZIDZA
Ruka 13:24



MAKWIKWI EKUVERENGA
BHAIBHERI KWEMAZUVA 365
MAGWARO AKO EZUVA RANHASI:
GENESIS 7-9; MATEU 3

GoodNews
DAILY

PINDA MUKATI!

Mako 9:38-39

Johani akati, “mudzidzisi, taona munhu achidzinga madhimoni muzita renyu tikamudzivisa, nokuti anga asiri mumwe wedu”, Jesu akati, “musamudzivisa. Hakuna munhu anoita chishamiso muzita rangu angazotaura zvakaipa pamusoro pangu”

Ndaiwanzo tarisa vana vangu vachikwikwidzana kuita vatengesi vachitaura zvinenge zvatadzwa nevamwe. Zuva roga roga umwe aitouya kuzotaura zvaitwa nevamwe. Chimbofunga vari vadzidzi vachienda kuna Jesu kunotengesa uyo aiva tedzera. Asi panzvimbo pekuranga murume uya, Jesu akamurumbidza.

Murume uyu haana kumirira chinhu, akangotanga kudzinga madhimoni Muzita raJesu! Hatitozivi kuti “munhu” uyu aive ani, asi akanga ari gamba rine ushingi! Akatarisisa zvizere, uye paakaona mukana, akatanga kuita chaizvo zvaitwa naJesu!

Gore rino, usamirira chinhu. PINDA MUKATI! Mhere-mhere dzekumutsiridzwa dziri kusimbiswa, mbiri kuna Mwari!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Gore rino, ndiri kupinda nechido nezvinhu zviri kuitwa naMwari. Ndiri gamba richaita mabasa makuru muzita raJesu. Haleluya!



KUPFURIKIDZA KUDZIDZA
1 VaKorinde 12:3



MAKWIKWI EKUVERENGA
BHAIBHERI KWEMAZUVA 365
MAGWARO AKO EZUVA RANHASI:
GENESISI 10-12; MATEU 4



MUNAMATO WEKUPA VAMWE

Zekaria 4:6

Saka akati kwandiri “Iri ndiro shoko raJehova kuna Zerubabheri: hazviitwi nehondo kana nesimba, asi nomweya wangu, ndizvo zvinotaura Mwari wamasimba ose.”

Chokwadi chinorwadza ndechokuti vamwe maKristu vanofunga kuti upenyu idambe. Havanei nezvinhu zvemweya. Vanonyengetera maminitsi matatu pazuva, vanenge vapedza, ndokunge vatomborangira kunamata kwacho. Zuva ravanenge vafunga kunamata kwacho, vanobirwa nguva nezvinhu zvisina maturo. Asi chinhu chimwe chavanogara vachirangira ndechekukumbira vamwe kuti vavanamatire.

Unoona, hope dzinotyisa dzinopera musi wauchaona kushanda kwemunamato wako. Ndimba yanhasi inowanzo taurwa nevanhu vane tariro, vachiti Mwari aчатibatsira. Asi angazviite sei kana usina kumbotaura naye mumunyengetero? Mweya wake angaratidza simba rake sei iwe uchisiira vamwe kuti vakunamatire?

Rega kusiira vamwe kuti vakusimbise pamweya. Simuka tanga kuzvinamatira wega

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinomira neupenyu hwekunamata kutanga nhasi. Pandinonamata nhasi, ndinofamba semukundi, semukuriri nekubwinya kusingaperi, nezita raJesu.



KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

1 Johani 5:14



MAKWIKWI EKUVERENGA

BHAIBHERI KWEMAZUVA 365

MAGWARO AKO EZUVA RANHASI:

GENESISI 13-15; MATEU 5:1-26

GoodNews
DAILY

SARUDZA KUTEERERA

VaFiripi 2:8

Uye akati awanikwa ane chimiro chomunhu, akazvinipisa uye akateerera kusvika parufu rwepamuchinjikwa

Mubindu reGetsemane, munguva pfupi yekupedzisira Jesu asati asungwa kuti arovererwe, akazvigomberedza mumunamoto achiti, “Baba, kana muchida, bvisai mukombe uyu kwandiri; asi kwete kuda kwangu, asi kuda kwenyu ngakuitwe” (Ruka 22:42). Uri kuzviona here izvi? Mambo Jesu vaisada kurovererwa pamuchinjikwa; chaiva chinhu chakaoma chavaifanira kuita, asi vakazviita zvakadaro! Kuteerera hakunei nezvaunoda; asi zvine chekuita nezvinodiwa naMwari pamusoro peupenyu hwako.

Ndima yedu yepamusoro inodzidzisa kuti kukudzwa kwaJesu kwakauya nokuti akateerera kusvikira parufu. Kunyangwe panguva yakaoma zvikuru, akaramba achiteerera. Hama neshamwari, chishamiso chaunoda chiri kune rimwe divi rekuteerera. Sarudza kuteerera Mwari.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinoporofita upenyu hwekuteerera Mwari pane zvaakandi gadzirira mberi kwangu. Ndinozvinipisa kuitira kuti mwewa waMwari unditungamirire muzvinhu zvose nezita raJesu.



KUPFURIKIDZA KUDZIDZA
VaRoma 5:19



MAKWIKWI EKUVERENGA
BHAIBHERI KWEMAZUVA 365
MAGWARO AKO EZUVA RANHASI:
GENESISI 16-17; MATEU 5:27-48

HURONGWA HUKURU

Jeremia 29:11

Nokuti ndinoziva hurongwa hwandinahwo pamusoro penyu, ndizvo zvinotaura Jehovha, hurongwa hwekuti mubudirire, kwete kukuitirai zvakaipa, hurongwa hunokupai tariro neramangwana rakanaka

Mundima ine makumi mana neshanu ekutanga aJeremia anotaura nezve kutongwa kwaizoitika kuna Judha nokuda kwekusatenda kwavo uye kusateerera. Naizvoizvo, Jeremia anonzi Muporofita wekuungudza nokuti aigara achirwisa huipi hwaisangana nahwo panguva yake. Asi, mukati mezvose izvi, Mwari anotaura chinhu chakanaka: "Ndinoziva hurongwa hwandinahwo pamusoro penyu, hurongwa hwebudiro kwete hwenjodzi!"

Ndima iyi inovhiringa tsaona ichiisa tariro yamweya mutsvene. Kunyangwe munyika izere nerima, Mwari achiri kupenya nechiedza chake. Idzi ndidzo nyasha nerudo rwaMwari rwaari kukuratidza, saka famba neushingi uchiziva kuti Mwari haasi kuchengeta tsamba dzemhosva dzako. Pazvinhu zvose anotaura hurongwa hwake newe kuti anoda zvakanakisisa muupenyu hwako!

Famba mushoko iri, zvisinei nekuti ukusangana nei pazuva iroro

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Hapana njodzi inoitika muhupenyu hwangu nhasi. Hurongwa hwaMwari hwakanaka paupenyu hwangu, ndinomira pachivimbiso ichocho nezita raJesu! Amen.



KUPFURIKIDZA KUDZIDZA
VaFiripi 1:6



MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI
KWEMAZUVA 365
MAGWARO AKO EZUVA RANHASI:
GENESIS 18-19; MATEU 6:1-15

GoodNews DAILY

VAKA MUMWE

1 VaTesaronika 5:11

Naizvozvo nyaradzana! uye muvakane, sezvamunoita zvino

Vamwe vanhu vanotora kereke seyakakosha nokuti vari kungotsvaka munhu anova batsira. Vanoiwona senzvimbo yekudyidzana ichavabatanidza nezvavanoda kuti vafambire mberi muupenyu. Vamwe vangoripo kuti vabatsirwe chete, zvobva zvapera. Chimbofunga munhu wese achidzamisira ndima iyi kuti abatsire vamwe kwete kubatsirwa. Kereke inosimbiswa nepfungwa dzakadai!

Kana wakambonzwa sekuti wakanganwika, wakarambwa, kana kuti hapana anokutarisira, ziva kuti kune mumwe ari kutozvinzwao izvezvi. Naizvozvo, tora nguva yekutsvaka avo vari munguva yakafanana neiyoyi. Vakurudzire nekuvasimbisa. Usazviraramire wega, batsira vamwe. Vaka mumwe munhu neshoko rekurudziro mutumire tsamba kana kumufonera, kana kumushanyira. Ichi ndicho chikirisitu chinobatika

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinosimuka senheyo inovaka vamwe . Nenyasha dzaMwari dziri kushanda mandiri, ani nani zvake wandinosangana naye nhasi achakurudzirwa, achasimbiswa uye achawana simba nezita raJesu! Amen.



**KUPFURIKIDZA
KUVERENGA**

VaHebheru 3:13



**MAKWIKWI EKUVERENGA
BHAIBHERI KWEMAZUVA 365
MAGWARO AKO EZUVA RANHASI:
RUKA 1:21-38; MAPISAREMA 4-6**



WAKATENDEKA HERE?

Ruka 16:10

Uyo akatendeka pane chidiki akatendeka pane zvikuruwo: uye uyo asina kururama pane chidiki, haana kururama pane zvikuruwo

Ndinorangarira mazuva ekutanga hushumiri huno. Semuporofita wechidiki aiziva chinangwa chake munguva yakafanira, ndaiva neshungu dzekumhanya nenhau dzakanaka kumativi ose enyika. Paive nechimbichimbi pabasa, uye ndaifanira kufamba nekukurumidza. Kunyangwe zvakadaro, Mwari akandifambisa mudzidziso yake muchikamu chega chega nekuita zvinhu zvinobatika muchikoro chake. Handina kupesana nedzidziso. Ndakanga ndiri muporofita mumwe chete ainge aine kereke ine vanhu vanomwe kwegore rese asi nhasi tinozadza nanhandare yebhora.

Ndima yanhasi inodzidzisa kutendeka pane zvidiki. Chimbofunga dai ndakasiya munzvimbo yandakadanwa nekuda kwekushunguridzika nevanhu vashoma dai ndiri pano here? Tendeka muchikamu chauri cheupenyu hwauinawo nhasi. Ratidza kuti unogona kuvimbika nezvishoma, uye uchaona Mwari achikusimudza gore rino.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndino taura mweya wekuvimbika mandiri. Zvose zvandinoita, kunyange zvishoma, ndichazviita nemweya wepamusoro-soro muna Jesu Zita. Amen.



KUPFURIKIDZA KUDZIDZA
1 VaKorinde 4:2



MAKWIKWI EKUVERENGA
BHAIBHERI KWEMAZUVA 365
MAGWARO AKO EZUVA RANHASI:
GENESIS 20-22; MATEU 6:16-34

GoodNews
DAILY

MHONDI MUKEREKE!

1 Johani 3:15

Ani naani anovenga hama yake imhondi, uye munoziva kuti hapana mhondi ine upenyu husingaperi

Handigoni kukuudza kuti kangani kandasangana nevanhu vanovengana asi vachigara mukereke imwe chete, vachinzwa Shoko rimwe chete, vachiimba nziyo dzimwe chete, uye vodzokera kumba vasina kushandurwa. Vamwe vatori vemhuri imwechete, vanorwa svondo rose asi musi weSvondo vanopfeka zvakanaka vachienda kumba kwaMwari.

Kana tikatora ndima yanhasi, mubvunzo mumwechete unouya mundangariro, imhondi ngani dziri mukereke nhasi? Vamwe vachine daka rine makore anopfura gumi, asi vachiti vane hupenyu hwakirisitu.

Jesu akapa murayiro mumwe chete: dananai. Hazvishamisi kuti anorwadziwa nevano vengana, zvakatosiyana nezvaanodzidzisa. Iri igore idzva. Dzidza kuda vamwe, tanga zvino!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndiri kuprofita upenyu hutsva huzere nerudo. Handinga chengetedzi ruvengo kana zuva rimwechete mugore rino, nezita raJesu. Amen!



**KUPFURIKIDZA
KUVERENGA**
Johani 13:34



**MAKWIKWI EKUVERENGA
BHAIBHERI KWEMAZUVA 365
MAGWARO AKO EZUVA RANHASI:
GENESISI 23-24; MATEU 7**



USARASE KUTENDA

Mako 1:11-13

Uye inzwi rakauya richibva kudenga richiti, “Ndiwe mwanakomana wangu wandinoda wandinofarira kwazvo.” Pakarepo mweya akamutumira kurenje, uye akanga ari murenje kwamazuva anokwana makumi mana, achiedzwa naSatani. Akanga ari pamwechete nemhuka dzesango uye vatumwa vakamushandira.

Cherechedza kuti pakarepo mushure mekunge Ishe Jesu asimbiswa seMwanakomana anodiwa naMwari, akasangana nekunyengedzwa. Izvi zvinoratidza zvakajecha kuti hupenyu hweMuKristu hwakaita sei. Wakambocherechedza here kuti dzimwe nguva, pakarepo mushure mekunge chinhu chakanaka chaitika, unobva wasangana nezvinetso zvakaipa? Ndizvo chaizvo inzira inoshandiswa nemuvengi. Chinangwa ndechokuti urasikirwe nokutenda kuna Mwari.

Kana Mwari akakusimbisa semurume webhizimisi, mufundisi, mudiwa, mukadzi kana murume, kana mutungamiri wezvematongerwo enyika, tarisira kurambwa, kunyange kubva kune shamwari nemhuri. Jesu akayedzwa sezvawakaita; akatarisana nezvikara zvehupenyu sezvawakaita, ASI AKAKUNDA!
Usarasikirwe nekutenda. Watokunda!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Handinga rasikirwe nekutenda, zvisinei nezvipingaidzo zvandinotarisa nazvo. Ndakakunda zvikara zvese zvemurenje; ndiri mukundi kubudikidza naKristu. Haleluya!



KUPFURIKIDZA KUDZIDZA
1 VaKorinde 10:13; Johani
16:33



MAKWIKWI EKUVERENGA
BHAIBHERI KWEMAZUVA 365
MAGWARO AKO EZUVA RANHASI:
GENESISI 25-26; MATEU 8:1-17



GoodNews
DAILY

VIMBA NEMUNYORI

Zvirevo 3:5

Vimba naJehovha nomoyo wako wose; urege kuzendamira panjere dzako

Mamwe magwaro andinofarira pamusoro pekutenda muna Mwari anobva kuna Abrahamu tateguru rekare. Bhaibheri rinoti, "Nokutenda Abrahamu, paakadanwa kuti abude kunze kwenyika yaaizogamuchira gare gare sechipo, akateerera; uye akabuda, asingazivi kwaaienda." (VaHebheru 11:8).

Chimbofunga kwekanguva, Mwari achikuudza kuti ubve pane zvose zvaunoziva uye utange kungofamba munzira yausingazivi, pasina hurongwa wauinawo, pasina nzira yacho, pasina mari yekufamba nayo! Tiri kutaura pamusoro pokuvimba naMwari kusvika pakuti hazvichisinei nekudzidza kwako, hukama hwako kana kungwara kwako. Apa ndipo panopinda ndima yanhasi. Usafe wakati "ndakuzvinzvisisa zvese." Mwari ane matsamba akazara neupenyu hwako, vimba naye, akazvinyora zvese!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Kubva nhasi, ndinoisa hurongwa hwangu, zvishuwo zvangu, uye zvandinoda kuna Mwari. Ndichatevera kutungamira kwake mune zvose zvinoenderana neni uye nekuda kweizvi, kukundikana kunoparara nemoto nezita raJesu!



**KUPFURIKIDZA
KUVERENGA**

Mapisarema 37:3-5



**MAKWIKWI EKUVERENGA
BHAIBHERI KWEMAZUVA 365
MAGWARO AKO EZUVA RANHASI:
GENESISI 27-28; MATEU 8:18-34**

**VaHebheru 8:5**

Vaishumira panzvimbo tsvene inova mufananidzo nomumvuri wezviri kudenga. Nokuda kweizvi Mosesi akayambirwa paakanga ava kuvaka tabhenakeri. Uve nechokwadi kuti waita zvosezvose maererano nomufananidzo wawakaratidzwa mugomo

Kana uchiongorora Bhaibheri, nhoroondo inobuda muTestamente Itsva neYekare. Varume veumhare nevakadzi vekutenda vakatevera kumwe kurongeka kwakaaita kuti vawane mhinduro. Sezvakanyorwa muna (VaHebheru 11:32-33), inoti "nokutenda kukuru vakavhara miromo yeshumba".

Ndima yanhasi inoratidza kuti Mwari anoshanda nemienzaniso yakarongeka. Ane kurongeka kwaakaraira pakuita zvinhu. Kana kutenda kwakaunza mhinduro munguva yeBhaibheri, kunozviita zvakare nhasi. Kutenda muenzaniso unouunza mhinduro. Kana uchitevera muenzaniso wokutenda uno ratidzwa nevarume vekare muShoko raMwari, zvinhu zvinoita nyore kwauri.

Tevera muenzaniso wakatendeka wekutenda; tanga kuvaka zuva rako rakanaka iye zvino. Zvione, wozvitenda wotanga kuita zvinoda kuitwa. Ndiwo muenzaniso wacho.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinoshandura nyika yangu kuti ive yakanakisisa pane zvayaimbova. Nokutenda, handishayi, handirware, uye kubudirira chikamu changu nezita raJesu! Amen.



**KUPFURIKIDZA
KUVERENGA**
VaRoma 15:4



**MAKWIKWI EKUVERENGA
BHAIBHERI KWEMAZUVA 365
MAGWARO AKO EZUVA RANHASI:**
GENESISI 29-30; MATEU 9:1-17



MASHURA NEKUTUKWA

Muparidzi 10:8

Uyo anochera gomba achawira mariri; uye ani naani anoputsa rusvingo, nyoka ichamuruma

Makore ose aya, ndakabvunzwa kana mashura nezvituko zvichigona kukanganisa muKristu. Mhinduro yangu inoramba yakafanana: kana wakazvarwa patsva, unogamuchira maropafadzo, kwete kutukwa. Hakuna muKristu akazvarwa patsva anofanira kutambura nemashura; izvozvo hazvisirizvo. Kana uchigara muShoko uye uchirarama nenzira dzaMwari, unozvichengetedza kubva pamano adhiabhoi.

Saka sei vamwe maKristu vachiramba vari pasi pezvituko? Ndimba yanhasi ine nzira: kurarama kunze kweShoko kunovhurira mikova kune nyoka. Vakaparadza rusvingo, vakapa nyoka mukana wekupinda muupenyu hwavo. (Zvirevo 26:2) inoti, "...kutuka kusina chikonzero hakunga ndibati." Zvichireva kuti, kana kwauya, pane chikonzero.

Garai muShoko gore rino uye uchadzoka uchipupura

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Mashura kana kutukwa kwakataurwa pamusoro pemhuri yangu nehupenyu zvino putswa nezita raJesu! Ndinosarudza kugara ndakazara neShoko raMwari kubva nhasi. Rusvingo rwangu rakasimba! Haleluya!



**KUPFURIKIDZA
KUVERENGA**
Zvirevo 22:8



**MAKWIKWI EKUVERENGA
BHAIBHERI KWEMAZUVA 365
MAGWARO AKO EZUVA RANHASI:**
GENESIS 31-32; MATEU 9:18-38

GoodNews
DAILY

BURIRO

Mateu 3:12

Rusero ruri muruoko rwake, uye uchanatsa buriro rake, achiunganidza gorosi mudura, uye achizopisa hundi mumoto usingadzimi

Kana uchifamba munzira inobikwa chingwa, hazvigoni kuti usanzwe kunhuwirira kwechingwa chichango burwa choiswa parutivi. Asi zvese izvi zvisati zvaitika pane nzira ine basa inotanga: buriro inosiyana gorosi nemasawi kuti muwane gorosi rinoshandisika.

Ndima yanhasi inotiratidza kupepetwa pamweya. Munyika yemweya, ndipo pane kucheneswa. Ndipo panovhiyiwa, pachibviswa ushamwari husina kunaka, kusiya nezvino dhaka, uye kubvisa pfungwa dzisina maturo. Nguva yekupepetwa ndiwe naMwari chete, kushanduka kwemwaka, uye kuzvipira kutsva kune zvose zveUmambo hwaMwari.

Iyi ndiyo nguva yekushandurwa kwako, uchipinda muburiro yaMwari

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Muburiro, ndinotendera Mwera waMwari kubvisa zvose zviri mandiri zvinopesana neShoko raMwari. Ndinoraira mumvuri wese werima kuti ubve iye zvino nezita raJesu! Amen.



KUPFURIKIDZA KUDZIDZA
Tito 2:14



MAKWIKWI EKUVERENGA
BHAIBHERI KWEMAZUVA 365
MAGWARO AKO EZUVA RANHASI:
RUKA 1:39-56; MAPISAREMA 7-9



DANIDZIRA NESIMBA

Mako 10:48

Uye vazhinji vakamuraira kuti anyarare: asi akadanidzira zvikuru, Mwanakomana waDhavhidhi, ndinzwirei ngoni!

Ndinowanzo taura kuti, “MaKristu akanyarara anofa chinyararire.” Nyaya yomurume akapofumara inoburitsa izvi zvakanaka. Vanhu vemukereke vakati kwaari nyarara, asi akadanidzira zvakanyanya.

Nhasi, tine maKirisitu ane utera vanomira kuenda kukereke nokuda kwekuti mumwe munhu angovatarisa zvisirizvo. Vanhu vakawanda vanoda munana wavo, asi vashoma vakagadzirira kumhanyisana nawo nokuti vanotya zvinofungwa nevamwe pamusoro pavo. Havakwanisi kutodanidzira kuti “Ameni” nokuti vanofunga kuti vanhu vanozovatarisa vakaita ruzha.

Murume aiva bofu haana kutarisa zvakanaka kana kuita hanya nezvaifungwa nevamwe mukereke akaramba akatarira pana Jesu. Akaona munana wake muna Jesu, nekuda kwekudanidzira kwaakaita nesimba, akabva asunungurwa!

Mumwe munhu, danidzira kuti upinde munzira yako yakasarudzika zvakanaka nhasi!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndino danidzira ndichipinda mukukura pamweya, hutano, bhanga rine utano, uye wananano yakarongeka, nebudiriro isingatauriki nezita raJesu! Amen.



KUPFURIKIDZA KUDZIDZA
Joshua 6:20



MAKWIKWI EKUVERENGA
BHAIBHERI KWEMAZUVA 365
MAGWARO AKO EZUVA RANHASI:
GENESIS 33-35; MATEU 10:1-16



IVA NEKUTENDA

Ruka 17:17-18

Uye Jesu akapindura akati, Ko havana kuchenurwa gumi here? asi vari papi vapfumbamwe? Hakuna akawanikwa akadzoka kuti ape Mwari mbiri, kunze kwemutorwa uyu.

Paya patinoita hushumiri munhandare dzebhora kana patinoita kereke musi wesvondo, tinotarisa uchapupu hwekutanga zvakananyisa . Huchapupu ihwohwo hunovhura musuwo wokuti vamwe vatevere. Unoshamisika kuti vakawanda vanoda rubatsiro kubva kuna Mwari, asi vashoma vanodzoka kuzopupura. Pane dzimwe nguva dzekuti munhu anoitirwa munana unoshamisa kwazvo, munguva iyoyo aitirwa munana iwowo anongonyangarika asingadzoki kuzotenda Mwari. Izvi zvinosuwisa. Kana ndima yepamusoro inoratidza kuti Jesu akavhundukao nazvo.

Hama, kusatenda chiratidzo chokuti wakazvisimudza pamusoro kupfuura Mwari. Uku kudada kukuru. Kutenda chiratidzo chokuzvininipisa, uye kunochengeta kuti kudada kusaonererwe. Nhasi, tora mukana wekupupura zvawakaitirwa naMwari. Uyewo, tenda vanhu vakakubatsira kuti uve zvauri.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinomira ndichidanidzira ndiri pamusoro pegomo ndichitenda Mwari nekuda kweupenyu hwangu. Kusatenda hakusi mandiri; ndinosiya kusatenda nezita raJesu!



KUPFURIKIDZA KUDZIDZA
Mapisarema 145:7



MAKWIKWI EKUVERENGA
BHAIBHERI KWEMAZUVA 365
MAGWARO AKO EZUVA RANHASI:
GENESIS 36-38; MATEU 10:17-42



Mateo 6:34

Naizvozvo musafunganya nezvamangwana nokuti mangwana achazvifunganyira zvawo. Zuva rimwe nerimwe rine nhamo dzaro dzakarikwanira.

Mamwe maKristu vanoita kuti kufunganya kusaratidzike sekusafunganya vanoti handisi kufunganya ndingori nekakusango gadzadzikana .” Hazvinei nekuti wazviture sei kwese kungori kufunganya. Ruka 10:41, Jesu akati, “Marita, Marita, uri kufunganya nokugumburwa pamusoro pezvinhu zvizhinji...” Wakafanana naMarita here? Wakatanga gore wakazara nemufaro, kusvikira kufunganya kwakupinda, pamusoro pemari yechikoro, mari yepaunogara, nezvikwereti, hukama hwako nevamwe nezvimwe zvakangadarowo. Kufunganya kunobatsirei?

Kufunganya kunobva pamaonero asiriwo. Kana Mwari, Baba, vachizvikudza nekurirtira shiri uye kushongedza maruva, ko iwe hauoni kuti wakakosha here

Kutanga nhasi sarudza kusafunganya kana zuva rimwe zvaro. Tarira kuna Mwari, tsime risingapwi kupa. Gore idzva rino rine zvikuru mariri, asi zvinongoshanda chete kana waregedza kufunganya. Ita zviende wopa Mwari Mukana!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Handizopedzi nguva yangu ndakafunganya pamusoro pezvinhu zvose, kwete nhasi, kwete mangwana, nezita raJesu! Amen.



KUPFURIKIDZAKUDZIDZA
Isaya 41:10



MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI
KWEMAZUVA 365
Magwaro ako ezuva ranhasi:
GENESISI 39-40; MATEO 11



MUBUDITSE MUMUSORO MAKO

Isaya 43:18

Regai kuyeuka zvinhu zvekare, uye musafunga pamusoro pezvinhu zvekare.

Imwe nzira inofarirwa newakaipa ndeye kudyara mifungo mupfungwa dzako. Anokuudza zvawakaipira, kuti hauzombove chinhu, uye anodzokorora izvi kasingaperi kusvikira wava kutenda manyepo ake ose.

Paakauudza Evha kuti achange akaita saMwari kana akadya muchero, hazvina kubva mupfungwa dzaEvha, zvakabva kuna Satani pachake! Rangerira kuti akambotaura kuti, “Ndichazviita akafanana neWokumusoro-soro.” Akanga achidyara pfungwa iyoyo muna Evha!

Chenjerera wakaipa nenzira dzake. Anodyara pfungwa dzokuchiva, kuzviuraya, kana kunyima mauri, uye kana usina kungwarira, unopedzisira wava kuzviita. Kana wava kuzviita, anoita zvese kuti akuchengete ipapo. Usamubvumira kugara pasina muripo mupfungwa dzako, mubudise mumusoro mako!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinobvisa pfungwa yakaipa isiri yaMwari kubva mupfungwa dzangu. Hurongwa huno ndidzikisira hunopera usati watanga kusimuka, nezita raJesu! Amen!



KUPFURIKIDZA KUDZIDZA
2 VaKorinde 10:5



MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI
KWEMAZUVA 365
Magwaro ako ezuva ranhasi:
Genesisi 41-42; Mateo 12:1-21



GoodNews
DAILY

CHIDZIDZO KUBVA KUCHIDHAKWA

Mabasa 2:4

Uye vose vakazadzwa noMweya Mutsvene, vakatanga kutaura nedzimwe ndimi, sezvavakapiwa kutaura naMweya

Wakamboona chidhakwa chichi ita zvinhu zvacho zuva richifamba here? Chinogona kuona panorasirwa marara chigotomhanya chichifunga kuti ndepukurarira, kana kutosundidzira chirema chichifunga kuti chirema chichatanga kumhanya. Kunyangwe tisingakurudziri kuradza asi pane chidzidzo chiripo chatinofanira kubata.

VaEfeso 5:18 inoti, "...musadhakwa newaini, nokuti ndipo pane kusazvidzora; asi muzadzwe noMweya." Pane chikonzero Magwaro achienzanisa izvi. Chidhakwa hachioni zvinhu maonero anoita vamwe. Haasiriye ari kuzvitonga asi doro ndiro riri kutonga. Naizvozvo ukazadzwa namweya mutsvene unenge uri pasi pehuchenjeri hwake. Unomusiira kuti aiite zvaanoda newe obva atanga kukutungamirira. Unotanga kuona zvakasiyana, unotaura nesimba, ugotaura munana ichiitika. Ronga kuti zuva rega rega regore rino rigova rakazadzwa namweya mutsvene.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Semunhu akazadzwa noMweya, ndinoona 2026 yangu ndichifamba zvakanaka uye ndichapupura zvakanwanda nezita raJesu! Amen.



KUPFURIKIDZA KUDZIDZA
VaEfeso 3:19



MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI
KWEMAZUVA 365
Magwaro ako ezuva ranhasi:
Genesisi 43-45; Mateo 12:22-50



KUDZA VABEREKI

VaEfeso 6:1-2

Vana teerera vabereki venyu nunaShe nokuti ndizvo zvakanaka. Kudza baba namai vako, ndiwo murairo wokutanga une chipikirwa.

Shoko raMwari rakajeka kana richipa rairo pamusoro pehukama pakati pevana nevabereki vavo. Ndinoda kuti uone kuti mavhesi 1 na2 anotaura nezvemhando mbiri dzevabereki. Aya mavhesi haasi kudzokororwa; asi, pane chidzidzo chokudzidza ipapo. Ndima yokutanga inotaura nezve kuteerera vabereki venyu vepamweya vakaiswa naMwari pamusoro penyu, uye ndima yechipiri inotaura nezve vabereki vakakubereka.

Kana ukasadadisa vabereki vako, vepamweya nevakakubereka, zvinokanganisa upenyu hwako zvisina kunaka. Kubudirira kunogona kuuya, asi kusina kudzikama, unenge uri mudenderedzwa rekudzika nekukwirira, dzimwe nguva kusagadzikana nekurasikirwa nezvinhu. Kukudza vabereki mutemo wedenga une vimbiso yeupenyu hwakanaka! Vakudze kutanga nhasi!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Kubva nhasi, ndichaisa simba rakawanda mukuteerera uye kudada nevabereki vangu vepamweya uye vepanyama. Sezvavanondikomborera uye vachindichengeta, upenyu hwangu hwakarurama, uye ndiri kukunda mune zvese muzita raJesu! Amen.



KUPFURIKIDZA KUDZIDZA
Zvirevo 6:20



MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI
KWEMAZUVA 365

Magwaro ako ezuva ranhasi:
Genesisi 46-48; Mateo 13:1-30

GoodNews
DAILY

HUPENYU HUNOSHAMISA

Johani 21:25

Jesu akaitawo zvimwe zvinhu zvizhinji. Dai zvose zvainyorwa, ndinoti kunyangwe nyika yosehayaizova nenzvimbo yaikwana mabhuku aizonyorwa.

Hupenyu hwaJesu hwaiva hupenyu hunoshamisa hwaionekwa nezvishamiso zvemweya, uye zvinhu zvisati zvamboonekwa. Chimbofunga kuona munhu achipa chikafu vanhu zvuuru zvishanu kubva pahove mbiri nezingwa zvishanu, kana kugadzira ziso nevhu nemate. Isimba rudzii raishanda maari? Isimba rimwe chete riri pauri izvezvi!

Donzvo rekunyora minana iyi mubhaibheri ndeye kuti unzwe simba rekugona kushandisa nyasha idzodzi. Hapana chausingakwanisi kuita. Mukuru ari mauri, dzidzira kurarama upenyu hwakadai kutanga nhasi!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndichapupura zvakanyanyisa kusvikira zvakunetsa kufambirana neminana iyoyo. Hupenyu hwangu hwakarongeka kupfuura ani naani zvake! Mbiri kuna Jesu. Amen



KUPFURIKIDZA KUDZIDZA
Johani 20:30-31



MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI
KWEMAZUVA 365
Magwaro ako ezuva ranhasi:
RUKA 1:57-80; MAPISAREMA 10-12



GoodNews
DAILY

MUMVURI WANGU UNE SIMBA

Mabasa 5:15

Nokuda kwaizvozvo, vanhu vakauya nevairwara munzira dzomumusha vakavaradzika pamibhedha napahukwe vachiitira kuti mumvuri waPetro uwire pane vamwe vavopaainge ava kupfuura napavari

Ndakambonzwa vanhu vasina ruzivo vachitaura mashoko okuti, “Zvishamiso hazvichipo; zvakanga zviru zvenguva yeBhaibheri chete.” Mashoko aya aru kuure chaizvo nechokwadi. VaHebheru 13:8 inotitaurira kuti Mwari akafanana nezuro, nhasi uye nokusingaperi! Kana akazviita muBhaibheri, ari kuzviita nhasi!

Tarisa ndima yezuva ranhasi. Hazvingamboita zvine musoro kumunhu asingazivi Mwari. Kufunga kuti mumvuri unogona kuporesa munhu here? Asi, tazviona izvi kakawanda muushumiri hwedu apo vanhu vane marudzi ese ezvirwere vanopfuura nemumvuri wangu, uye zvapupu zvinouya zvakawanda. Chii chinokonzerwa izvi? Izodzo raMwari, zvakare gore rino ndiro rekutoona zvakadai!

Gore rino, kunyange mumvuri wako uchaita mabasa makuru! Zviri nyore; wakagadzirwa kuti naMwari kuti zvitodaro!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Simba rinobuda mandiri. Ndichitotanga zuva ranhasi, nekuda kwekuti ndiripo, zvinhu zvose zvichashanda zvakanaka nezita raJesu! Amen.



KUPFURIKIDZA KUDZIDZA
Ruka 8:43-48



MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI
KWEMAZUVA 365
Magwaro ako ezuva ranhasi:
Genesisi 49-50; Mateo 13:31-58



GoodNews
DAILY

BVISAI MIGANHU

Ruka 1:37

“Nokuti hakuna chinhu chisingagonekwi naMwari.”

Tinoimba ndima iyi, tigo taura, tigoidhinda panhumbi dzedu, tigogadzira zvikwangwani, nekusonerera pamhasa kuti tiise mudzimba, muvunzo woti tinotenda here mundima iyi?

Chinhu chavhiringa pfungwa dzemakirisitu kukurira munyika inodzidziswa vanhu kuti chero pawagumira zvakanaka zvakadaro. Kubva mazuva ekutanga kuenda kuchikoro, vana vanioswa muzvikwata zvikwata vachisiyananiswa vanonogona pavo vega, kubva ipapo vamwe vakakura vachitenda kuti ndipo pavanogumira havana kungwara sevamwe. Vachibva kuwana basa vanobva vaiswa muchikamu chavo nepavanogumira nezvavanonzi izvi munogona kuita izvi hamukwanise kuita.

MaKirisitu anonunza mafungiro aya kuchechi zvakare. Vanouya nepfungwa dzakatovharirwa nemiganhu, uye vanoisira Mwari miganhu iyoyo. Vanonetseka kugamuchira kuti Mwari anogona kuita minana isina kujairika. Mwari haana miganhu. Chinja pfungwa dzako nhasi uye uzive kuti unokwanisa kuita zvinhu zvose.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Hapana chinhu chakaoma kuna Mwari. Munamoto wangu unozadziswa nhasi munguva yandinenge mukereke nhasi nezita raJesu! Amen.



KUPFURIKIDZA KUDZIDZA
Jeremia 32:17



MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI
KWEMAZUVA 365
Magwaro ako ezuva ranhasi:
Ekisodho 1-3; Mateo 14:1-21



CHEKA NEMUNONDO ZVIMISWE

Zvakazarurwa 19:15

Kubva mumuromo make kunobuda munondo wakapinza une minondo miviri kuti nawo arove marudzi. Achavatonga netsvimbo yesimbi. Anotsika patsime rehwha rehasha dzaMwari, Wamasimbaose

Kukunda kunotaurwa kusati kwaitika. Muromo wako ndiwo musuo unobuda munondo. Shoko rechi Giriki rekuti muromo rinonzi "stoma" zvichireva munondo wakapinza. Muromo wako munondo unogona kucheka zvinhu zvizhinji. Mwari akasimbisa mashoko ako kuti ave nehuchenjeri hunokunda ana chiremba.

Paunonamata nekutaura, vhura meso emweya uone zvakazarurwa mundangariro dzako. Ona dambudziko rako richiitwa zvikamu zvikamu nemunondo. Vhiya bundu riri kukunetsa nemunondo weshoko taura naro kuti ribve nezita raJesu. Hazvinei nekuti zvizhinji hazvisi kutenderana newe, zvikwereti, zvirwere, mweya wetsvina, shandisa ungwaru, mashoko ane kutenda kuti ucheke matambudziko ose! Ramba uchitaura gore rino, ramba uchi cheka kusvikira wakunda zvinoita nharo newe.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinoramba kumhanyiswa, muromo wangu chombo chinodzinga zvinopokana neni. Mashoko angu akazadzwa namweya mutsvene anokoromora rusvingo rwewakaipa rakandikomberedza nezita raJesu.



KUPFURIKIDZA KUDZIDZA
VaHebheru 4:12



MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI
KWEMAZUVA 365

Magwaro ako ezuva ranhasi:
Ekisodho 4-6; Mateo 14:22-36



KUNZVERA NENHOMBA

Isaya 7:15

Achadya ruomba neuchi, kuti azive kuramba zvakaipa, uye kusarudza zvakanaka.

Waizviziva here kuti nhomba yako inoita kuti ugone kududzira? Isaya akaporofita nhomba yaJesu ruomba nehuchi izvi zvaimuitisa kuti agone kududzira, aibva aziva kuramba zvakaipa achisarudza zvakanaka. Nyika inoti “unova zvaunodya” asi mubhaibheri unoziva uchitodya. Zvaunonyanya kudya magwaro, hunhu, kurairwa, runhare zvinogona kuvandudza kana kukupusisa pazvinhu zvemweya. Kunyangwe panyama, kudya kunovaka zvaunogamuchira. Mumweya kudya shoko raMwari kunobatsira manzwiro aunoita zvinova zvinhu zvinobatsira kuramba chakaipa uye kusarudza chakanaka kunova nyore.

Sarudza zvekudya zvakanaka. Zadza zuva rako neruomba nehuchi kuitira mweya wako. Tsanya zvinhu zvinovhiringa maonero ako. Usati waronga sarudza gwaro nekuverenga, kunzvera, nekufungisisa pashoko raMwari. Ita kuti nhomba yako igadzire hunhu hwako tendera kuti nzara yako ikudzidzise kunzvera.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinodya shoko raMwari, manzwiro angu akadzidziswa. Ndinoziva kuramba chakaipa nekusarudza chakanaka. Nhomba yangu inoenderana nezvedenga, maonero angu haapotse, nzira dzangu dzakarongeka, nezita raJesu. Amen.



KUPFURIKIDZA KUDZIDZA
VaHebheru 5:14



MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI
KWEMAZUVA 365
Magwaro ako ezuva ranhasi:
Ekisodho 7-8; Mateo 15:1-20



ZVICHENGETEDZE KUNE VEMAKUHWWA

Zvirevo 18:8

Mashoko eguhwa akaita sezvimezu zvinozipa, zvino burukira mukati kati momuviri.

Makuhwa anopedza simba! Mwari haazodze munhu kuti arege makuhwa, anoudza kereke kuti mubvisei. Vanhu veguhwa vanobvisa kuvimba nevanhu, vanozviringa zvakarongeka vachiputsa zviri kuvakwa naMwari. Mashoko zvombo zvehondo. Akapinda mumuromo yevasirivo vaoita chimbambaira chehondo! Ramba kuita munhu wemhanga mhanga anofambisa zvisirizvo. Anoramba achikuudza makuhwa haasi Shamwari yako ari kungokupa zvekuti unzwe

Maitiro ekuchengeta mweya wako gore rino

Zvidzore: zvibvise pane vanoramba vachizvipamhazve. Kuva pedyo imvumo.

Tungamira: ngativa namatire. Kana zvisingagonekwi nemunamato, ngazvisa taurwe.

Ramba: handisi munhu wekutura naye nyaya idzi. Vhara musuo zvakanaka asi wakasimba

Dzoreredza: zadza muromo wako nemunamato, shoko nezvinobatsira. Vaka zviri kuda kuputswa nemuvengi

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinozvi paradzanisa nenyaya dzevanhu uye nevanozvifambisa. Nzeve dzangu mikova yechokwadi, muromo wangu unovaka, unoporesa, uye unokomborera. Ndinotaura upenyu, ndinoputsa kukakavara, uye ndinodzivirira kubatana kweimba yaMwari, muzita raJesu!



KUPFURIKIDZA KUDZIDZA
VaRoma 16:17-18



MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI
KWEMAZUVA 365
Magwaro ako ezuva ranhasi:
Ekisodho 9-11; Mateo 15:21-39



ZADZA GORE

Muparidzi 11:3

NEMVURA

Kana makore azara nemvura anoidururira panyika, uye kana muti ukawira pasi kurutuvi rwezasi, kana rwokumusoro, ipo panowira muti ndipo pauchavata.

SomuKristu, unogona kuchinja zvinhu zvose nomunamato, kuputsa masuo omudzimu kuburikidza nomunamato, kutora zvitoro zvemadhimoni kuburikidza nomunamato, uye kutora utongi panyika ino kuburikidza nomunamato. Nemashoko iwayo aunotaura, unoita basa rokuzadza gore nezvaunoda.

Hazvinei nekuipa kweupfumi hwenyika; kana makore ako akazara nemvura, haagoni kusabudisa mvura yebudiriro pamusoro pako! Gore rino ndiro gore raunotaura mashoko anomanikidza shanduko mutano hwako, mubasa rako, muwanano yako, muguta rako kana muzvinhu zvose zvakakuringana. Raira mashoko mumhepo uone makore ako achizara nemvura. Kuvikira kwatanga kunaya, hanzvadzi, mukoma, usamire kutaura, ramba uchitaura, uye huwandu huchiuya!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Mashoko angu ane simba. Pandinotaura uye kutora utongi, zvishamiso, zviratidzo, neminana zviru kudururirwa pamusoro pemhuri yangu nyenya yangu. Shanduko yauya nekuda kweminamato yangu. Haleluya!



KUPFURIKIDZA KUDZIDZA
Isaya 45:8



MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI
KWEMAZUVA 365
Magwaro ako ezuva ranhasi:
Ekisodho 12-13; Mateo 16

GoodNews
DAILY

SIMBA!

Ruka 9:1

Jesu akati aunganidza vane gumi navaviri vake pamwechete, akavapa simba nechikuriri kuti vadzinge madhimoni uye vaporese vakanga vaine zvirwere.

MuKristu wese akambonyengetera achikumbira simba kubva kuna Mwari. Asi wakambobvunza kuti simba muna Kristu chii chaizvo here? Ndichakupa tsananguro: simba rinobva mukati mauri richi konzera shanduko. Isimba rinozvigadzira pachezvaro rinoonekwa uye rine zvibereko zvinooneka.

Jesu akatiudza kuti akatipa simba nehutongi pamusoro pemadhimoni ose uye kugona kuporesa vanorwara. Ndinoshuwira kuti dai wainzwisisa izvi, simba rekuzvigona ririmo mukati memweya wako kuti ushandure hupenyu hwako, dai waizviziva hawaimbo shungurudzika zvauri kuita.

Simba iri riri mauri ikozvino. Kana wakazvarwa patsva, utori naro. Tenda wotanga kuri shandisa kutanga nhasi!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinotaura nezvinhu zvose zvanga zvava kufa mukati meupenyu hwangu! Chinhu chese changa chakamira, tanga kushanda iyezvino nesimba randaka pihwa naJesu! Amen.



KUPFURIKIDZA KUDZIDZA
Johani 14:12



MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI
KWEMAZUVA 365
Magwaro ako ezuva ranhasi:
Ruka 2:1-26; Mapisarema 13-15



UNOSHANDURA NZVIMBO

Ruka 10:5

Pamunopinda mumba, mutange namashoko okuti rugare ngaruve muimba ino

Mwana wose waMwari ane nzvimbo yake yaanofamba nayo. Ndima yanhasi inoratidza izvi. Mwari haaimbokuudza kuti govera vanhu runyararo kana usina nzvimbo yerunyararo iri mauri. Paunosvika panzvimbo taura runyararo, mwaka werunyararo unototanga nekuti wasvika nenzvimbo yacho. Panga paine mhirizhonga, nekupinda kwako panzvimbo iyoyo, runyararo runobva rauya.

Rugare isimba pamusoro pezwiitiko zvakaipa kana zvakashata. Paunotora simba iri worinzwisisa, uchakonzeresa kugadzikana munzvimbo ine mhirizhonga. Vanhu pavanokuona, pavanga vachipfuurana nenguva yakaoma, paunosvika vanotanga kufara munzvimbo iyoyo. Nzvimbo yemufaro inenge yatozadzwa nharaunda yese, netariro inenge yadzoredzwa! Uri nzvimbo inoshandura zvinhu shandisa simba iroro

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinotaura rugare munzvimbo dzese dzandinopinda nhasi, kutanga mumba mangu. Ndiri nzvimbo yakanaka kwese kwandinoenda, ndinoendesa mashoko emufaro. Haleluya! Amen.



KUPFURIKIDZA KUDZIDZA
2 VaTesaronika 3:16



MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI
KWEMAZUVA 365
Magwaro ako ezuva ranhasi:
Ekisodho 14-15; Mateu 17



GoodNews
DAILY

CHIPO CHEKUPA

2 VaKorinde 9:8

Uye Mwari anogona kuita kuti nyasha dziwande kwamuri, kuitira kuti muzvinhu zvose, panguva dzose muine zvose zvamunoda muchakwanisa kuita mabasa ose akanaka.

Ndinogara ndichiti, kana usina kubva mumhuri yakapfuma, ita kuti mhuri yakapfuma ibude kubva kwauri, asi mubvunzo ndewekuti, unozviita sei? Mumagwaro ese emubhaibheri, uchaona kuti chinosimudza ropafadzo kubva kuna Mwari kupa. Nyangwe zvichiita kunge zviri nyore, kupa kwako kunokonzera kuti Mwari vadurure ropafadzo pamusoro peupenyu hwako, haugone kupa kudarika Mwari!

Dambudziko rinoita makirisitu ndere kuchinja kupa vachingoita zvekunamata, kutsanya nekusangana chete. Rangarira kuti uri kushanda namambo wemadzimambo, zvekare ungori mutemo wenyika kuti mambo vanofanira kukupa kukupfuura kana wavapa chipo!

Vimba naMwari papfuma yako gore rino, uchaona Mwari achikuropafadza kupfuura zvauri nhasi.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Kubva nhasi, ndichava mupi anotyisa! Handi dzokeri kumashure munyaya dzokupa. Naizvozvo upenyu hwangu hucharamba uchibudirira nezita raJesu!. Amen!



KUPFURIKIDZA KUDZIDZA
VaRoma 8:32



MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI
KWEMAZUVA 365
Magwaro ako ezuva ranhasi:
Ekisodho 16-18; Mateu 18:1-20



Mabasa 5:14

Zvisinei zvazvo, varume vazhinji navakadzi vakatenda kuna She uye vakawedzera uwandu.

Kumutsiridzwa ndekwe dunga munhu. Kunosanganisira kubatidza moto waJesu uri mauri. Haugoni kumutsiridzwa wosiya wakadaro. Shungu dzekuda Mwari dzinosimuka nguva yauno mutsiridzwa; unokwenenzverwa pamweya, kurava shoko kunosimudzirwa, minyengetero yako inovandudzwa, uye hausiri vakuru vekereke kuti vatsanye voga.

Kumutsiridzwa kunoda nzara yakakomba muzvinhu zvaMwari. Mudziyo wakamutsiridzwa ndewe basa raMwari zvekare haubviswi pabasa rawo, sevakomana vaHebheru vakaramba kupfugamira mufananidzo waNebhukadhineza. Vakakandwa muchoto asi Mwari akavadzivirira, vakabuda vasina kutsva. Ukamirira Mwari iye anokumirira. Ita kuti pfungwa idzi dzive dzaunoshanda nadzo gore rino.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

ndakadanwa naMwari, mushandiri waShe, asinga nyadziswi. Ndichapupura shoko raMwari ndisinga zununguswi kwese kwandinoenda, pasina kutya, ndakavimbika kuna Ishe wemaDzishe! Halleluya!



KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

Mabasa 19:18



**MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI
KWEMAZUVA 365**

Magwaro ako ezuva ranhasi:

Ekisodho 19-21; Mateu 18:21-35



ZVITIKO MURENJE

Mateu 4:1

Ipapo Jesu akatungamirirwa naMweya Mutsvene kurenje kuti andoedzwa nadhiabhoi

Mutestamende itsva inoratidza kuda kwaMwari pausoro peupenyu hwedu, Jesu ndiye mufananidzo wekufamba muhurongwa hwaMwari, asi akaiswa murenje kuti amboedzwa newakaipa.

Unogona kunge utori muhurogwa hwaMwari asi uchisangana renje muupenyu hwako. Jesu, Mwari panyama, akaedzwa kuitira kuti iwe neni tizive kuti rwendo rwepanyika ino rinouya nedzimwe nguva dzekuedzwa dzinokupinza murenje. Renje inzvimbo yakaoma, inopisa, uye uri wega, asi usafa wakafungira kuti wabuda muhurongwa hwaMwari nekuda kwekuti zvinhu zvakaoma.

Gore rino zvinouraya vamwe hazvikuurayi ukaramba wakabatirira pahurongwa hwaMwari, nezita raJesu.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndichabuda ndiri mukundi zvisinei nerenje randiri kupfuurana naro. Handiparadzwi nekuti ndinoziva hurongwa hwaMwari! Hareruya!



KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

Ruka 4:1



**MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI
KWEMAZUVA 365**

**Magwaro ako ezuva ranhasi:
Ekirodho 22-24; Mateu 19**



USAKANGANWA KUTSANYA

Mateu 4:2

Mushure mekuzvinyima mazuva makumi mana nousiku makumi mana, Akanzwa nzara.

Vanhu vakuru pamunamato uye pahunhu vanhu vane mashoko mashoma. Vese vanotaurisa vanoda kuonekwa nekunzwikwa uye munamato mushoma. Panotaurwa chiporofita pamusoro peupenyu hwako, kuuya kwacho koita kunge kwanonoka , shandisa chombo chekutsanya kuti zviite.

Kutsanya kunobatsira kuti chiporofita chako chiitike. Ziva kuti kutsanya hakushanduri Mwari, anoramba ari Mwari uchitsanya uye uchipedza kutsanya. Zvisinei kutsanya kunoshandura iwe nemuviri wako. Kana Uchida shanduko yemukati, tanga kutsanya.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndichatsanya nekunamata ndakamirira kuzadziswa kwechiporofita change. Ndinoziva kuti kutsanya kunobatsira nyama yangu kongwadza mweya wangu kuzvinhu zvemumweya , nezita raJesu. Ameni.



KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

Mateu 17:21



**MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI
KWEMAZUVA 365**

Magwaro ako ezuva ranhasi:

Ekisodho 25-26; Mateu 20:1-19



RAMBA UCHITAURA SHOKO

Johani 11:53

Saka kubva pazuva iroro zvichienda mberi, vakarangana kumuuraya

Kuti unzwisise ndima iyi , gona kunzwisisa chinangwa nezvakakomberedza ndima iyoyo. Vakuru vemakereke vakapokana naJesu nokuti vaida kuchengetedza zvigaro zvavo. Vaitambudza muiti wemunana kuchengetedza basa ravo. Usashamisika kana vemamwe makereke votanga kukurwisa. Vakazviita kunaShe wedu. Ukaona zvakakuitika kwauri , chingoziwa hazvisi zvitsva uye hazvina basa.

Kuita munana nekugona basa kunokonzera kuti upikiswe nevanhu. Kubasa kwako panotanga kuuya kusimudzirwa , hutano, mhuri, kana pfuma yako zvinogona kutanga kurwiswa. Wakaipa haafe akakuomberera maoko pane zvaunogona, anotoku rwisa.

Gara wakabata munondo wemweya mutsvene, rinova shoko raMwari. Rama uchizvitaure. Taura kuti wakaropafadzwa, hakuna shoko rakaipa rakataurwa pamusoro pako richabudirira gore rino.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

ndakagara naKirisitu munzvimbo yedenga. Handikundikani, nokuti Mwari uchandisimudza neruoko rwake rwerudyi nezita raJesu! Rumbidza Mwari! Amen.



KUPFURIKIDZA KUDZIDZA
Ruka 22:2



MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI
KWEMAZUVA 365
Magwaro ako ezuva ranhasi:
Egisodho 27-29; Mateu 20:20-34



DZIDZA KUKUDZA

Ekisodho 20:12

Kudza baba namai vako, kuti ugorarama mazuva mazhinji munyika yaunopiwa naJehovha Mwari wako.

Vazhinji vanoverenga ndima iyi vachingofunga nzvimbo yavanopiwa naMwari, asi anotowedzerawo mazuva eupenyu hwako. Hupenyu hurefu hunounzwa nekukudza baba namai vako (vaEfeso 6:2) inotsindidza izvi.

Kukudza baba namai vako kunovhura musuo wemakore akawanda, hupfumi, runyararo, nekuchengetedzwa. Zvisinei, makirisitu vanoita dambudziko rekufunga kuti, nekuda kwekuti vakabarwa patsva, kukudza vabereki hakusisina basa, vanongoremekedza vabereki vemweya. Iri idambudziko huru. Kuti ugone kuwana zvakavimbiswa nendima iyi kudza vabereki vako nevabereki vepamweya.

Chengeta nekubata zvakanaka vabereki vako kana uchiinavo. Usaone sekunge vasina basa, vakudze woratidza kutenda kwavari.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

handirambi ropafadzo yangu yeupenyu hurefu nekuti handigoni kukudza. Budiriro nerunyararo ndezvangu, pandinokudza vabereki vangu nevabereki vepamweya nezita raJesu! Amen.



KUPFURIKIDZA KUDZIDZA
VaEfeso 6:2



MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI
KWEMAZUVA 365
Magwaro ako ezuva ranhasi:
Ruka 2:1-26; Mapisarema 13-15

GoodNews
DAILY

DYARA

Genesisi 27:7

Nditorere mhuka, undigadzirire nyama yakanaka, kuti ndiide, ndiku ropafadze pamberi paJehovha ndisati ndafa.

Vazhinji vanoshuwira zodzo rine vabereki vepamweya uye vadzidzisi vavo. Zvisinei, unogona kushamisika kuziva kuti vanoda kuwana zodzo iri mahara! Nekufamba kwenguva vashoma vanoita zvine mutsindo muhushumiri nokuti vanosiya mutemo wekubaira. Kuva baba nekugona kupa zvipo zvemweya zvinoda chibayiro nekuzvipira.

Kana wada kukura nekufanana nemudziyo wechipo chenyasha dzaunoda, pfuura kungotarisisa chete batirira pane mudziyo nekupa munyasha idzodzo. Kana wada zvmahara muupenyu, usinga shandiri Mwari kana kupa haufe wakakoshesa chipo ichocho. Naizvozvo Isaka wakakumbira nyama yemhuka asati apa ropafadzo kumwana wake. Mutemo wemweya; kudza nekudyara zvinovhura mukana wekugamuchira chipo. Gona kuita izvi uchaona uchikohwa mubairo wazvo.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndiri mutori wenyasha. Ndakagadzirira kuwana nyasha nekufadza baba vangu vepamweya nekudyara muchiono nehurongwa hwaMwari hwavakaisa pamusoro pavo, nezita raJesu. Amen!



KUPFUURIKIDZA KUDZIDZA
VaHebheru 11:20



MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI
KWEMAZUVA 365
Magwaro ako ezuva ranhasi:
Ekisodho 30-32; Mateu 21:1-22

GoodNews
DAILY

HUVEPO HWAMWARI

Johani 11:14-15

Ipapo akavataurira pachena akati Razaro afa, uye nekuda kwenyu, ndinofara kuti ndakanga ndisiko, kuitira kuti imi mugotenda, asi ngatichiendai kwaari.

Jesu waifarireiko kunzi Razaro afa? Ndima iyi inobuditsa zvinodzidzwa nevafundisi zvatinoti makakatanwa endima, Mwari muridzi weupenyu anofarira kunzwa kuti waanodisisa afa. Apa akaratidza kuti, huvepo hwake hwanga husipo pakafa Razaro, asi kushaikwa kwake kwakavhura mukana wekutenda kukuru.

Dzimwe nguva dambudziko rako harisi rekusagutsikana nesimba raMwari, asi kuti Mwari acharatidza simba rake pamusoro penyaya yako here. Ndiri pano kukuzivisai kuti nyangwe watsungirira pakurwiswa, Jesu akatoisa rubatsiro kare, uye ruri kutouya. Huvepo hwake huchasangana newe panguva yauno mudisisa, zvinhu zvose zvakafa zvichatanga kumuka. Hareruya!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

NaMwari handikundi! naMwari handibatiki! Hakuna chinondimisa gore rino. Mbiri kuna Mwari! Hareruya!



KUPFURIKIDZA KUDZIDZA
VaRoma 8:28



MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI
KWEMAZUVA 365
Magwaro ako ezuva ranhasi:
Egisodho 33-34; Mateu 21:23-46



KUBWINYA KWAKE

Mateu 24:35

Denga nyenika zvichapfuura asi mashoko angu haatongopfuuri

Pandinotaura nezve kubvutwa, handisi kuparidza zvisingaiti kana kuisa kutya muvanhu, asi huchapupu hurimo mushoko raMwari pamusoro pemazuva ekupedzisira. Vamwe vanozviramba nekuti vanoda kunzwikwa asi vakarasika. Vamwe vanoti hakuna munhu anoziva mwaka nenguva izvi zvinoitisa kuti shoko iri richimbidzike.

Kutaura nezve kubvutwa hazvinei nekereke yaunoenda kana kuisa kutya, ibhero rekuti vanhu vagare vakagadzirira kusangana nemusiki wavo. Kubvutwa kwako iwe kunogona kuitika chero nguva, saka gara wakagadzirira. Rarama wakashongedzwa nehutsvene hwaMwari.

Shoko raJesu idombo, hari zungunuki uye rino rarama nekusingaperi. Zvaanotaura anozviita. Naizvozvo gara wakagadzirira, zvisimbise gara wakagadzirira mwedzi uno negore rino.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndakagadzirira, pfungwa dzangu dzakagadzirira, moyo wangu wagadzirira uye ndichaita basa rangu ndakasimba nezita raJesu! Amen!



KUPFURIKIDZA KUDZIDZA
Mapisarema 119:89



MAKWIWI EKUVERENGA BHAIBHERI
KWEMAZUVA 365
Magwaro ako ezuva ranhasi:
Ekisodho 35-37; Mateu 22:1-22

GoodNews
DAILY

MWARI VARI KURUTIVI RWANGU HERE?

VaHebheru 13:8

Jesu Kristu mumwe chete nezuro, nhasi, uye nokusingaperi.

Kana usati wakambobvunza kuti Mwari ndevangu here, zviro kwazvo hausati wasangana nedambudziko huru. Unogona utori wakatendeka, kuzvipira, kungwara nekuvimbika kana yave nguva yezvinhu zvaMwari asi unongonzwa kunge zvinhu zvisiri kubatana. Ipapo unotanga kufunga kuti Mwari vanondiona here kana kuti ndevangu here.

Unofanira kuziva kuti kuva naMwari muupenyu hwako nekusangana nehuvepo hwake zvakasiyana. Tinoshumiri Mwari mukuru uye ane moyo murefu, huvepo hwake hwaka kukomberedza hupenyu hwako huchaenda mberi. Hukuru hwaMwari hukaonekwa muupenyu hwako, uchapupura kuti zvirokwazvo Mwari anewe gore rino.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinoziva kuti Mwari havakanganwi. Ndirimo muhurongwa hwavo, ndakamukoshera, ndakanyorwa muruoko rwake. Ndichabudirira nezita raJesu! Amen!



KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

Maraki 3:6



**MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI
KWEMAZUVA 365**

Magwaro ako ezuva ranhasi:

Ekisodho 38-40; Mateu 22:23-46



Jeremia 1:12

Ipapo Jehovha akati kwandiri, “Wakaona zvakanaka; nokuti ndichakurumidza kuita Shoko rangu.”

Mwari havavate naizvozvo havana zuro, uye havavate, saka havana mangwana, vanorarama nhasi nekusingaperi. Mwari akati ndinokuropafadza, zvinoreva vari kuzviita izvezvi, kwete rimwe zuva.

Kazhinji ipfungwa dzedu dzinorebesa minana, tichifunga kuti ndezve mangwana, ivo Mwari vachida kuzviita izvezvi. Hapana chinomisa shuwiro yaMwari yekubudira kwako, kupora uye kuvandudzwa kwako. Hurongwa hwavo hausi wezvisinganzwisiki, kusaoneka kana zvisingabatiki. Mwari vanoti mushoko ravo hurongwa hwavo ndewe zvakanaka kwete zvakaipa. Vimba naye, inzwa shoko ravo, uye uchava zvawakanzi naMwari uchava.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinogutsikana kuti hapana kukwirira, kwakadzika, mifungo kana matambudziko, ngirozi kana zvichauya zvinokwanisa kundipesanisa nerudo rwaMwari. Ndinofamba mukukunda nekusingaperi nezita ramambo Jesu! Amen!



KUPFURIKIDZA KUDZIDZA
Isaya 55:11



MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI
KWEMAZUVA 365
Magwaro ako ezuva ranhasi:
Revhitiko 1-3; Mateu 23:1-18

YEDZA KUTAURA NENDIMI

Johane 2:1

Uye pazuva retatu kwakava nemuchato muKana weGarirea; uye amai vaJesu vakanga varipo.

Jesu akanga ari pamuchato, asi waini yakapera. Naizvozvo munogona kuwana menduru yekereke ine vanhu vakawandakana kupfeka nguwanu yevanhu vanonamata asi muhomwe mako musina chinhu. Mhinduro inowanikwa pakutendera huvepo hwaMwari.

Munyika yomweya unogona kumhanyisa nguva yaMwari kuburikidza nekusimudzwa nendimi. Paunonamata mweya mutsvene anokupa zvekutaura, ingave visa, basa, kutambudzwa nevaroyi vemumhuri, kana mari chaiyo. Ndimi dzinondimbudzira munamato kupfuura zvinganzwisiswa navanhu.

Gara mundimi wobatirira pashoko raMwari, uchaona huvepo hwake uye minana mukati megore rino.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinotaura mutauro weDenga! Ndinotaura naMwari nendimi zvino zungunutsa humambo hwerima. Handingaurayike; wese anondibata anoparara! Hareruya!



KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

Ruka 2:51



**MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI
KWEMAZUVA 365**

Magwaro ako ezuva ranhasi:

Revhitiko 4-5; Mateu 23:19-39



DUDZIRA ZVIRATIDZO

Joeri 2:1 (KJV)

Ridzai hwamanda muZioni, uye ridzai mhere mugomo rangu dzvene: ngavadedere vagari vose venyika: nokuti zuva raJehovha riri kuuya, riri pedyo.

Dzimwe nguva, kusagadzikana kwekare-kare kunouya mupfungwa dzako. Izvi zvinopfuura kufunga, chiratidzo chinobva munyika yemweya, chiziviso chokuti chinhu chiri kuda kuitika. Zviratidzo zvehondo zvinoita kuti mweya wako usazorore.

Kana uchiziva zviratidzo zvakadai, zvinoreva kuti mweya wako wakangwarira uye uri kutsvaga kurwiswa, uye unofanira kugadzirira. Usazviregeredza; bata zviratidzo uye pindura ipapo ipapo munamato, uchirwa neShoko. Ramba wakangwarira, nokuti unogona kuva naJudhasi akavanda mumusasa wako.

Mugore rino gara wakangwarira, dudzira zviratidzo zvekurwa, uye mira pauri muhwina.

CHIREVO CHEUPROFITA

Ndiri musoja muuto raShe. Antena yemweya wangu inobata zviratidzo zveDenga zvekurwa, uye ndinosimuka kuita. Handingatongobatwi ndisina kuziva, muzita raJesu rine simba! Kurumbidza Jehovha!



**KUPFURIKIDZA
KUPERENGA**
2 Petro 3:10



**MAKWIKWI EKUVERENGA
BHAIBHERI KWEMAZUVA 365**
Magwaro ako ezuva ranhasi
Ruka 3:1-19; Mapisarema 18-19



NGUVA YEKUBVUTWA

Mateu 24:38

Nokuti sapamazuva iwayo mafashamu asati auya, vanhu vaidya uye vachinwa, vaiwana nokuwanikwa kusvikira pazuva iro Noa akapinda muareka.

Dzamisira pfungwa zvakananyanya zvinorehwa neshoko kuitira kuti ugone kupatsanura zvakanaka. Aida nokunwa ndiani? Aiva Noa here? Kweite Noa aimhanyisana nekuvaka areka. Kudya nekunwa raiva basa revaitadzira Mwari.

Munyika ino zviri kutoitika, kuzvikudza, mitambo inosanganisira kunwa doro, kuimba nedzimwe nzira dzekuita zvisina maturo. mutendi anoramba akatarisa nekuuunza vanhu kuna Mwari nekuuya kwatenzi Jesu kirisitu.

Zvese zviri kuitika nhasi zvaitika pamzuva aNoa, asi Noah akaramba achiita basa rake. Pakauya mashamu vamwe vaivaitambudzika asi Noa aiva nerugare.

Mugore rino usazungunutswa . tarira pana Jesu, nokuti kwake kwava pedyo

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndine kutsva kuri mandiri kunova kwaKirisitu, ndagadzirira kusangana naye mumakore! Hallelujah!



KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

Ruka 17:26-27



**MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI
KWEMAZUVA 365**

Magwaro ako ezuva ranhasi

Revhitiko 6-7; Mateu 24:1-31



GoodNews
DAILY

KUPOKANA!

Mateu 26:6

Zvino Jesu akanga ari muBhetania, mumba maSimoni wemaperembudzi.

Jesu akanga ari mumba maSimoni wemaperembudzi. Funga kupesana, Muponesi, muiti weminana, kutanga nekuguma kwekutenda kwedu ainge akagara mumba memunhu aizivikanwa neurwere hwake. Magwaro haana panotiratidza kupora kwaSimoni, kunze kwekuti Jesu ainge akazorora ari mumba make. Chimbofunga uri muhvepo waMwari chaiye, asi muridzi wemba oramba achirwara.

Unogona kunge uchirwara , uchipindana nematambudziko, kana kurarama muurombo, asi urimo muhvepo hwaMwari. Zvisinei hazvo, ndinokuzivisa kuti uchiverenga nhau dzakanaka nhasi, kupokana ikoko kunopera. Pane kurongeka kwakuitika mumuviri wako kunoenderana neshoko raMwari. Utano hwako, basa rako, mhuri yako, nepfuma yako zvinodzoredzwa nhasi. Hauchararami muhvepo hwaMwari woramba wakadaro uchirarama zvinopokana neshoko raMwari.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Handisi kukundwa! Handisi kukundikana! Ndichabudirira chete, nokuti Mwari akandipa simba pamusoro pemasimba ose, nezita raJesu. Rurumbidza Jehovha!



KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

Mako 14:3



**MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI
KWEMAZUVA 365**

Magwaro ako ezuva ranhasi:

Revhitiko 8-10; Mateu 24:32-51



UPENYU HWAKO HWAKA CHENGETEDZEKA

Zvirevo 18:10

Zita raJehova inhare yakasimba vakarurama vanomhanyira kwariri vagochengetedzwa.

Kuchengetedzwa muna kirisitu chivimbiso chevanotenda muzita rake. Mapisarema 91: inoti zvirokwazvo achakuponesa parugombe rwemuteyi nepadenda rinouraya. Kuchengetedzeka kwako kune basa kuna kirisitu, kuchengetedzeka uku chivimbiso kune avo vanotenda maari. Usavhunduka.

Vatumwa vari pabasa kukuchengetedza. Paunobuda muba nhasi, hausi wega , wakachengetwa nevatumwa mativi mana ose. Mwari vari muhurongwa hwako mazuva ose kuti zvinhu zvese zvifambe zvakanaka uye haadi kuti ugumburwe kusvika pakudonha. Hakuna chakaipa chinokuwira nhasi. Kubuda kwako kwakaropafadzwa, kupinda kwako kwakaropafadzwa nezita raJesu.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndakakomborerwa naJehovha! Zvinhu zvangu zvakarongeka. Pandinofamba, dhiyabhorosi anovhunduka, nezita raJesu!



KUPFURIKIDZA KUDZIDZA
Mapisarema 61:3



MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI
KWEMAZUVA 365
Magwaro ako ezuva ranhasi:
Revhitiko 11-12; Mateu 25:1-30



KUDZOKORORA

Muparidzi 1:9

Chakanga chiripo, chichazovepozve, chakamboitwa chichaitwazve, Hapana chitsva pasi pezuva.

Zvose zvaunoona idzokororo. Pandinoporofita zvebhora, nemimwe mitambo ndichitaura vanokunda nevanokundwa, inyaya yekuti zvese izvi ndakatozviona kare munyika yemweya. Izvi zvinokuudza kuti upenyu hunopfuura zvatioona nameso, idzokororo yezvakaita mumweya zvichizoitika panyama.

Neziso rechiporofita, ndinotaura kusimudzirwa kwako pabasa, hupfumi, mhuri nekupora mumuviri wako! Aya haasi mashoko edambe, anotototakura simba. Nhasi izuva rakakosha kwauri, ramangwana rako riri kusimudzirwa. Kuitika kweminana muupenyu hwako kucharamba kuchiitika kasingaperi gore rino.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndakaropafadzwa, uye hazvishanduki. Ndinorarama muuzhinji neropafadzo mukati megore rino rese, nezita raJesu.



KUPFURIKIDZA KUDZIDZA
VaHebheru 13:8



MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI
KWEMAZUVA 365
Magwaro ako ezuva ranhasi:
Revhitiko 13-14; Mateu 25:31-46



JESU ARIKUDZOKA – NEKUKURUMIDZA!

1 Vakorinde 15:52

Pakarepo sekubwaira kweziso, pahwamanda yokupedzisira. Nokuti hwamanda icharira, vakafa vachamutswa mukusaparara, uye tichashandurwa.

Vanhu vazhinji, nevatendi, vano vhunduka pakataurwa nezvekubvutwa kwaKirisitu. Kana wakagadzirira kupinda denga hauna chekutya, wakakunda kare! Ndinoti kwauri, haupesana nedenga pakubvutwa! Kana usati wagamuchira Kirisitu samambo nalshe weupenyu hwako, tsvaka ndima yekugamuchira Kirisitu mubhuku rino wonamata munamato iwowo umugamuchire nhasi!

Pakurira kwehwamanda kuchazivisa kuuya kwake, pakubwaira kweziso, uchayerekana wava kusangana naMwari mumakore. Usavhunduka tanga kutopururda. Rarama kuti uende pakurirwa kwehwamanda yekutanga, gara wakagadzirira. Mugore rino unoverengwa pane vanoenda!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinoenda kudenga uye ndagadzirira kuenda pakubvutwa. Muvengi haagone kuitisa kuti ndiramwe. Pfungwa dzangu ndedzedenga panokwana nguva handisare. Rumbidza Mwari! Amen.



KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

Mateu 24:31



**MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI
KWEMAZUVA 365**

Magwaro ako ezuva ranhasi:

Revhitiko 15-16; Mateu 26:1-35



GoodNews
DAILY

PORESWA

Mateu 15:30

Uye vanhu vazhinji vakauya kwaari navakaremara, mapofu, mhetamakumbo, mbeveve nevamwe vazhinjivakasvikovaisa patsoka dzake uye akavaporesa.

Kune minana inoshamisa zvinotovhundutsa vanhu, vazhinji vanototi hatisati takamboona zvakadai! Mukufamba kwangu naMwari, ndakaona kuporeswa kwevanhu vazhinji, asi ndichiri kushamiswa nehuwandu kwekuporeswa kwedenda reutachiona. Ingave ungano yekereke kana musangano, UTACHIONA uri kuenda, ndinotaura kupora nezita raJesu.

Hazvinei nemhando yechirwere, Jesu akaporesa zvainzi hazvipore ari kutounza hutano mumuviri wako. Gamuchira kupora. Mabhonzo, tsinga nezvese zvemuviri wako zviri kuporeswa. Jesu muponesi ari kubata muviri wako uchiverenga Nhau Dzakanaka mazuva ose. Chingotenda kupora kwako kuri kuitika nezita raJesu!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Handitambudziki nechirwere kana zvirwere. Muviri wangu unoramba chirwere chose. Ndiri kurarama muutano hwakakwana, nezita raJesu! Amen.



KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

Johane 6:2



**MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI
KWEMAZUVA 365**

Magwaro ako ezuva ranhasi:

Revhitiko 17-19; Mateu 26:36-75



ZVOSE NDIJESU

Johane 14:14 (KJV)

Kana muchikumbira chinhu chipi nechipi muzita rangu, ndichazviita.

Mumunda mukuru wakazara vanhu muCopperbelt mudunhu reZambia, panguva yeGoodNews Conference muna Nyamavhuvhu 2025, ndakaona simba rinoyera raMwari richishanda. Handina kupreta neunyanzvi hwemashoko evanhu asi mukuratidzwa kwesimba, sezvakataurwa muna (1 VaKorinde 2:4). Makumi ezviuru muStadium nemamiriyoni munyika yose vakaona Jesu achishanda!

Kurema kwakaporeswa, HIV yakanyangarika, mari yeshamiso yakaonekwa mumaPhones uye kunyange mari chaiyo. Zvishandiso zvisina hupenyu, zvakaita sekombiyuta dzine makristaro akaputsika, zvakagadziriswa nemashiripiti pasina chiratidzo chekukuvara kwapfuura. Zvirwere zveropa zvakaita seHIV zvakaporeswa kakawanda. Zvingava chete Jesu!

Vanachiremba vanoshandisa marapirwo, mapiritsi, uye jekiseni kuti vadzikise zviratidzo zvechirwere, asi Shoko rimwe raMwari rinounza zvishamiso ipapo ipapo, zviratidzo, nezvishamiso, pasina mhedzisiro yakaipa. Zvingava chete JESU!

CHIZIVISO CHEUPOFITA

Zvingava chete Jesu achinditungamira kuita mabasa makuru mugore rino. Handingamiri kana kushungurudzwa, nokuti Anonditungamirira kubva mukubwinya kuenda mukubwinya! Haleluya!



KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

1 Johane 3:22



**MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI
KWEMAZUVA 365**

Magwaro ako ezuva ranhasi:

Ruka 3:20-38; Mapisarema 20-22



Genesi 5:24

Enoki akafamba naMwari, ipapo akasazovapo nokuti Mwari akamutura.

Makirisitu mazhinji vanotsvaka simba, mukurumbira, kana kuzivikanwa, asi nzara yavo yezvinhu zvaMwari ishoma. Ndakasangana nevanhu vanoda zviratidzo asi vasina nzara yeukama hwechokwadi neMwari weDenga. Vanoda “zvinhu” zvake asi havana rudo rwake.

Murume kana mukadzi ane nzara isingadzimiki yaMwari anoraira simba uye anoshandura ramangwana. Nguva yasvika yekuti uve munhu iyeye, ari kupisa nenjere dzisina kusanganiswa uye nzara isingadzimiki. Mugore rino ita nzara yako ikure kusvika padanho rekuti Mwari anovimba newe nesimba rekushandura mhuri yako, bhizimusi, basa nepfuma yako pasina kutambudzika.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Nzara yangu yaMwari hausi musanganiswa. Panokura rudo rwangu naye, ndinosimbiswa nekufamba muchokwadi chamweya mutsvene. Hupenyu hwangu hunosimuka mukubwinya, nezita raJesu.



KUPFURIKIDZA KUDZIDZA
Ruka 24:51



MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI
KWEMAZUVA 365
Magwaro ako ezuva ranhasi:
Revhitiko 20-22; Mateu 27:1-32

KUDZAMISA MUNYENGETERO

1 Madzimambo 18:42

Ahabhu akaenda kunodya nekunwa, asi Eria akakwira pamusoro pegomo reKarimeri, akakotamira pasi akaisa chiso chake pakati pemabvi ake

Muporofita Eria akanyengetera nechiso chake pakati pemabvi ake. Musoro wake, maziso, nzeve, muromo, mhino, nehuropi, hwakakotama mukuzvininipisa. Maitiro aya akaratidza kuti pfungwa dzake dzose dzakanga dzakabatana mukunyengetera kwakanyanya, pasina nzvimbo yekuvhiringidzwa.

Inguva yekudzamisa pfungwa, moto wedenga unobva kumusoro uchibvisa chese chinopokana newe kuti usimukire. Nguva yako yekunamata ngaikosheswe udzamise pfungwa dzako mukutenda metarisiro, zvirokwasvo mhinduro inouya. Munamoto yakadzai inodzikisa denga ichizvara minana panzvimbo. Zvidzidzise kuramba uchiita izvi, upenyu hwako hunosimuka

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinonamata ndichiwana mhinduro. Minamoto yangu inovhundutsa wakaipa uye inokongerera kuti zvinhu zvose zviterere shoko raMwari riri mandiri. Minamoto yangu inemhinduro nokuti ndicha fambisa basa raMwari. Amen



KUPFURIKIDZA KUDZIDZA
Jakobho 5:17-18



MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI
KWEMAZUVA 365
Magwaro ako ezuva ranhasi:
Revhitiko 23-25; Mateu 27:33-66



NGUVA YOKUZVIPATSANURA

1 Madzimambo 19:9

Ipapo akapinda mubako akarara usiku hwose. Zvino shoko raMwari rakasvika kwaari richiti; uir kuiteiko pano Eria

Pane nguva nezviitiko zvekuti uve pakati peboka, uchishevedzera, uchiridza, uye uchipembera. Kune zvakare nguva dzakakosha dzinongoda kupatsanurwa. Ndiyo nguva yakanyarara yeMwari anotanga kutaura newe.

Eria, muporofita ane mukurumbira, akafamba rwendo akaenda kure uye akagara mubako, akazvipatsanura zvachose neboka revanhu. Ipapo chete ndipo pakauya shoko raMwari kwaari.

Wagara munzvimbo ine ruzha kwenguva refu, uchisanganiswa neboka revanhu ukasangana nekurwadziwa, kushushikana, uye kushungurudzwa. Asi kana ukashinga kuzvipatsanura pachena kubva pane vanhu mugore rino, Mwari achasangana newe ugoshanurwa upenyu zvamuchose

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Handingapi maziso angu hope kusvikira Mwari ataura neni munguva yangu yokuzvipatsanura. Ndinoziva Mwari anotaura, uye ndiri panzvimbo yokumunzwa zvakasimba, nezita raJesu! Amen.



KUPFURIKIDZA KUDZIDZA
Mapisarema 46:10



MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI
KWEMAZUVA 365
Magwaro ako ezuva ranhasi:
Revhitiko 26-27; Mateu 28



NZVIMBO YEMOYO

Jeremia 17:9

Mwoyo unonyengera kupfuura zvinhu zvose uye hupore. Ndianiko angauziva?

Tinogara munyika yekuti vazhinji vanoshingirira kufadza vanhu. Vamwe vanonyemwerera, kuseka, vachinyepera kufara asi moyo wako unenge uri papi chaizvo?

Tiri mukereke mukadzi nemurume vakapinda vachisekerera, vakabatana maoko, vachiyemurwa nevamwe. Kune ziso renyama rudo rwavo rwaiita kunge rakagadzirwa kudenga. Asi pakatanga kufamba chiporofita, zvakaonekwa kuti vaida kurambana. Chaivhundutsa ndechekuti mukadzi ainge atonyora tsamba dzekuranbana nemurume asi murume akanga asingavizive. Huchapupu hwechiporofita hwakavhundutsa murume wacho.

Mwari havatonge nezviri kunze asi vanoona moyo. Ita kuti Mwari vazvione kuti moyo wako uri pavari.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Mwoyo wangu unogamuchira Shoko raMwari. Mwera wangu unorongeka nemirairo yake. Naizvozvo, ndinofamba ndienda mberi nezita raJesu! Hareruya!



KUPFURIKIDZA KUDZIDZA
VaHebheru 4:12



MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI
KWEMAZUVA 365
Magwaro ako ezuva ranhasi:
Numeri 1-2; Mako 1:1-22

GoodNews
DAILY

CHITUNDU MUSERE

1 Johane 2:19

Vakabva kwatiri, asi vakanga vasiri vedu chaivo. Nokuti dai vakanga vari vedu chaivo, vangadai vakagara nesu: asi kuenda kwavo kwakaratidza kuti Hapana mumwe wavo akanga ari wedu.

Chitundu musere chine mapazi anochipa simba kuti chisimuke, asi kana chave mudenga mapazi iyayo ane paanobva osiya chichipfuurira chega nerwendo.

Saizvozvo, kune vamwe vanhu vanongouya kwenguva diki muupenyu hwako. Asi vazhinji vanoshaya hope, vachibatakana kuti sei vasiyiwa nevanhu, zvisinei nekubatsirana kwavaiita. Chokwadi ndechekuti vamwe vanhu havakwanise kuenda newe kune chimwe chikamu.

Yave nguva yekuti uite pfungwa dzevano gadzira zvitundu musere: vanoona kusiyiwa kwako semukana wekusimuka. Gore rino simuka, siya zvisingagare newe, tanga kusimuka!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndakazvarwa ndiri mukundi! Ndinoramba kukundikana, ndinavo uye ndisina. Ndakagadzirira kukunda uye ndicharatidza kubwinya kwaMwari kutanga nhasi nekusinga peri nezita raJesu!



KUPFURIKIDZA KUDZIDZA
2 Timoti 4:10



MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI
KWEMAZUVA 365
Magwaro ako ezuva ranhasi:
Numeri 3-4; Mako 1:23-45

GoodNews
DAILY

ZVAPERA!

Johane 19:30

Akati apedza kunwa, akati ZVAPERA nokudaro akakotamisa musoro wake uye akabudisa mweya wake

Jesu paakati ZVAPERA kune vakamukomberedza nezvisikwa zvose, raive shoko rakayenda nekusingaperi. Zvekare, zvanhasi nezvivi zviri mberi zvakapedzwa kare pamuchinjikwa. Jesu haasi pabasa rekudzokorora zvawakatadza, saka usazvishungurudza hako.

Ropa rake ndiwo mubairo wezvivi zvevanhu. Zivo yekuti akaripa mubairo inofanira kukuzadza nemufaro uye runyararo, kwete kuzvidzikisira. Jesu paakati zvapera zvinoreva kuti zvagadzikana, usabatikana hako. Watoregererwa, tsamba dzekutadza kwako dzakadzimwa.

Pemberera rusununguko urwu nekutenda, nokuti muna Kirisitu wakasunguka chaizvo!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndiri chisikwa chitsva munaKristu! Hupenyu hwangu hwakavanzwa maari. Ndiri zvandinonzi naMwari ndiri, ndagadzirira kuitira Mwari zvine mutsindo pasi rose! Rumbidza Mwari! Amen.



**CHIPOROFITA
CHEKUDZIDZA**
VaRoma 5:6



**MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI
KWEMAZUVA 365**
Magwaro ako ezuva ranhasi:
Numeri 5-6; Mako 2:1-28

Good News
DAILY

CHIEDZA CHAKO NGACHIVHENEKE

Ruka 8:16

Hakuna munhu anotungidza mwenje obva auvanza pasi pedengakana kuuisa pasi pomubhedha. Asi anuisa pamusoro pechigadziko kuitira kuti vose vanopinda vavhenekerwe.

Kumutsiridzwa kusimudzirwa mumweya wanga wakuputsika, nekugarisa panzvimbo imwechete wotanga kufamba muchokwadi chaMwari. Shoko rinoti hapana anobatidza mwenje obva auviga. Jesu paanokuti chiedza chenyika, zvinoreva kuti unodzinga rima, hauteerwi nerima.

Chiedza chawakataura chinonzi photizo, mwenje wemunhandare yebhora unopofamadza muvengi. Moto unobvira kubva muna mweya mutsvene ari mauri. Wakadanwa kuvhenekera nharaunda yako. Usatendera rima kuti ritonge muwanano, mhuri, basa, nebhizimusi rako. Simuka, upenye! Nokuti chiedza chako chasvika.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinovheneka semwenje wenhandare rebhora. Ndinosisimuka kunge chidzitiro. Rima harina pekuhwanda mandiri. Ndinotakura simba nemoto waMweya mutsvene uri mandiri. Hareruya! Amen.



KUPFURIKIDZA KUDZIDZA
2 VaKorinde 4:6



MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI
KWEMAZUVA 365
Magwaro ako ezuva ranhasi:
Ruka 4:1-22; Mapisarema 23-25



ZVAKAKOSHERA RUKUDZO

VaEfeso 6:2

Kudza baba namai vako, ndiwo murairo wokutanga une chipikirwa.

Kune ropafadzo inouya nekukudza baba namai, vapanyama nevepamweya. Zvinokosha kunzwisa izvi. Ukaremekedza vabereki vako, unowana upenyu hurefu, rufu runomiswa, wochengetwa kunjodzi, uye haupomerwe mhosva nemuvengi anokupomera mhosva kuti utsakatike.

Rukudzo harusi remweya chete, asi runotoratidzwa nezvaunoita. Usamirire kurangaridzwa kutenda vabereki vako vepanyama nepamweya. Rukudzo mutemo wemweya unounza ropafadzo. Mutemo unouya vimbiso, yeupenyu hwakazara.

Mugore rino, paunokudza vabereki vepanyama nepamweya, hupenyu hurefu nekuchengetedzwa ndezvako.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndicharemekedza vabereki vangu vepanyama nevemweya mumashoko nemabasa. Ndakagadzirira kugamuchira makomborero erukudzo izvezvi nemberi kwandinoenda! Haleluya! Amen.



KUPFURIKIDZA KUDZIDZA
Eksodho 20:12



MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI
KWEMAZUVA 365
Magwaro ako ezuva ranhasi:
Numeri 7-8; Mako 3:1-19

GoodNews
DAILY

MARI YEKUDYARA

Mateo 7:24

Naizvozvo ani naani unonzwa mashoko angu aya, uye achiita iwo, akafanana nemunhu akangwara, akavaka imba yake paruwere.

Munyika mune ana muzvina bhizimusi vanonzwisisa kudyara mari kuitira kuti ibereke, haibereke kana zvinhu zvacho zvisati zvatengeswa asi imari inenge iri pabepa chete. Unogona kudyara chikamu chekambani chinovika zvuru chigotosimuka kupinda muchuru chine mazana mashanu. Mazana mashanu ndiwo mubairo wako asi unouwana watengesa zvawakadyara.

Semukirisitu ukasashandisa magwaro zvinoreva kuti une chikamu chezvawakadyara zvausingawani nokuti haugoni kutora zvawaka gadzirirwa naMwari. Shoko rino zoita kunge risina basa, iro riine mubairo asi pasina anogona kuushandisa. Gwaro negwaro rese reshoko rinokuzivisa kuti Mwari anoda kuti ubudirire, asi ukaramba wakagara Hapana zvazvinobatsira. Shandisa shoko usangoita rekunzwa enda unoriita.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Nhasi ndinosarudza kuterera shoko uye ndichaita kuti rishande! Ndinoshandisa mukana wese wakanyorwa pamusoro pangu. Handiendi ndisina chandagamuchira, ndinotora zvose zvakataurwa naMwari pamusoro peupenyu hwangu.



KUPFURIKIDZA KUDZIDZA
Jakobho 1:22



MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI
KWEMAZUVA 365
Magwaro ako ezuva ranhasi:
Nomeri 9-10; Mako 3:20-35

MONDAY, MARCH 2



MAZISO A MWARI

Vatongi 6:15

Gidheoni akabvunza akati, asika Ishe, ndingaponesa Israeri Seiko? Imba yangu ndiyo dukusa maManase, uye ini ndiri mudukusa mumhuri yangu

Mugwaro ranhasi, Mwari anodana Gideoni panguva iyo Israeri yakanga ichimanikidzwa nevaMidiani. Ishe vakati, “Enda nesimba rako iri, uye uchaponesa Israeri muruoko rwevaMidiani...” Chinoita kuti ndima iyi ive nesimba imhinduro yaGideoni. Panzvimbo yekuti afambe nezvainge adaidzwa nazvo naMwari akapindura achitya, achizviona neziso revanhu kwete raMwari.

Makirisitu mazhinji vanoita zvimwe chetezvo, vanodzora simba raMwari muupenyu hwavo nekudzikisira huvepo hwaMwari muupenyu hwavo. Vanoona kunge vasingakodzeri, vakaneta kana kuita vadoko. Hazvinei nokuti vamwe vanokutarisira pasi kuchikoro, kubasa kana munharaunda yauri; kana Mwari akudana anokusimbisa. Uchazadzisa hurongwa hwake nenzira yepamusoro.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Nhasi, ndinosarudza kuzviona kuburikidza nemaziso aMwari. Ndinopinda muvhiki itsva ndichiziva kuti ndakasarudzwa naMwari!



KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

Jeremia 1:5-8



**MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI
KWEMAZUVA 365**

**Magwaro ako ezuva ranhasi:
Nomeri 11-13; Mako 4:1-20**

GoodNews
DAILY

MAITIRO EGONDO

VaFiripi 3:14

Ndinoshingaira kuchinangwa chokupedzisira kuti ndiwane mubairo wandakadanirwa naMwari kudenga muna Kirisitu Jesu.

Muzvidzidzo zveshiri (ornithology), makondo anoverengwa pakati pezvisikwa zvine ziso rinoonesa, rakarongeka uye risingapotse. Ziso raro rinopeta ziso remunhu kasere, rinoona mhuka iri kure zvingaiti, kunyangwe riri mudenga kune nhanho zviuru makumi maviri nezvitatu. Zvisinei nehudiki hwayo, ine pfungwa dzakasiyana nedzimwe shiri, haizorori ikatanga kuvhima, haityi kana kuzununguswa.

Semwana waMwari, itabasa rako nechiono chegondo. Usazorore mukuita basa raMwari, nechiono chakarongeka. Isa maziso ako pahurongwa hwaMwari nekusimudzira humambo hwedenga, shingaira kuchinangwa chokupedzisira kuti uwane mubairo wawakadirwa naMwari.

CHIPOFOFITA CHEKUTAURA

Segondo ndakadanirwa kubhururuka! Ndine zvese zvinodiwa kuti ndiite basa raMwari nehungwaru uye zvakarongeka



KUPFURIKIDZA KUDZIDZA
VaKorose 3:2



MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI
KWEMAZUVA 365
Magwaro ako ezuva ranhasi:
Nomeri 14-15; Mako 4:21-41



HANDINGAFAMBI NEMOTA ISINA MAFUTA

VaRoma 12:11

Regai kuva nousimbe pakushingaira, pisai pamweya, muchishumira Ishe.

Makirisitu mazhinji anorarama hupenyu hwavo vasina kuwana zvinovabatsira zvatakapihwa naJesu kuburikidza nerufu rwake uye kumuka kuvakafa, nekuda kwekuti vakangogara mupfungwa dzekengoti tichabudirira pamweya. Vanomira kurava shoko raMwari, vanomira kunamata, nekuzvipira kufambiasa humambo hwedenga, vanongozorora.

Chimbofunga kutyaira mota ine mafuta mashoma. Hazvina kuoma kupfuura asitorina mafuta acho asi hazvifanani neakazadza mafuta mumota. Semwana waMwari, usaona zvirinani kunge ndizvo chaizvo, pane Mwari paanoda kuti unge uri. Usararama pasi pezvawakatenderwa naMwari kunge uri. Budiriro haisi yekuva pari nani kupfuura pawaingi uri asi kusimuka uchienda paunodiwa naMwari muupenyu hwako.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Handienderi zviri nani; ndinoteera zvikuru zvinodiwa naMwari!
Ndoramba kushaya mafuta mumota. Ndakazara nesimba raMwari!**



KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

VaEfeso 3:19



**MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI
KWEMAZUVA 365**

**Magwaro ako ezuva ranhasi:
Numeri 16-18; Mako 5:1-21**



GoodNews
DAILY

“HAKUNA AKANAKA”

Mateo 5:48

Naizvozvo ivai vakakwana, sezvo baba venyu vari kudenga vakakwana.

Pane kunyengerwa kwakaitwa nemuvengi kwakapararira mumoyo yevanhu vanopfuura zvuuru nezviuru, shoko rekuti Hapana akanaka. Nyangwe zvichiita kunge une rukudzo uye zvichiita kunge zvinobatika, zvinopesana nechokwadi cheshoko raMwari. Ukazvitendera kuti zvigare muupenyu hwako, zvinogona kukonzera dambudziko huru.

Hongu munhu anokanganisa, asi paunogamuchira Jesu, unogamuchira maitiro ake wotanga kurarama nezvinodiwa nedenga, kwete hunhu hunodiwa nevanhu. Mwari akakupa mweya mutsvene nezvipa zvamweya mutsvene kuitira kuti kereke inge yakakwana kusanganira iwewe.

Jesu, asina chaakatadza ndiye mufananidzo wedu, anotiratidza kuti kuva munhu akanaka kurarama uchiita kuda kwaMwari, uchiraramira hutsvene. Chinonzi chikirisitu kubuda kwechokwadi, rarama muchokwadi ichocho.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Mwari vakatipa hupenyu hwakanaka! Ndinorarama nenzira dzekudenga. Ndinoramba zvisina kunaka zvenyika ino; ndinorarama sezvinodiwa naMwari!



KUPFURIKIDZA KUDZIDZA
VaKorose 3:2



MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI
KWEMAZUVA 365
Magwaro ako ezuva ranhasi:
Numeri 19-20; Mako 5:22-43

UKAMA NA MWARI

Jakobho 4:8

Swedera! kuna Mwari uye iye achaswedera kwamuri. Shambai maoko enyu imi vatadzi, uye munatse moyo wenyu, imi vane moyo miviri.

Chinosiyanisa chiKirisitu nezvimwe zvitendero ndezvekuti chikirisitu hachisi chitendero sezvinofungwa nevamwe, asi ukama naMwari! Mwari akatida zvakanyanya zkasarudza kugara nesu, akatora mhosva dzedu nekuroverwa pamuchinjikwa, akati dzoreredza nerumuko rwake. NdiMwari anokuda kupfuura zvaunoiwa nevanhu uye anoda kuti urame upenyu hwakanaka muna kirisitu.

Shoko rinoti paunoswedera pedyo naye, anokuswededza pedyo naye. Paunorava shoko, unenge uchichengetedza nguva uye uchisimbisa hukama ihwohwo, zvose izvi, zvinozarura masuo edenga kuti uwane ropafadzo nemimwe mikana.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndine ukama naMwari uye anondida. Pandinoswedera kwaari, ndinoshandurwa nekusimbiswa kuti ndiite kuda kwake. Ndinofamba pedyo nedenga uye runyararo nezita raJesu.



KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

Pisarema 145:18



**MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI
KWEMAZUVA 365**

Magwaro ako ezuva ranhasi:

Ruka 4:1-22; Mapisarema 23-25



CHIDO CHINOBETSERANA NECHINANGWA

VaKolosai 3:23

Zvose zvamunoita, itai nemoyo wose, sevanhu vanoshandira Ishe, kwete munhu.

Pane mafungiro asina chokwadi ekuti chinangwa chaMwari chinopokana nezvaunoda kuita, uye kuti uite zvinodiwa naMwari unofanira kusiya zvinhu zvaune chido nazvo. Asi zvose izvi hazvina chokwadi! Shoko raMwari rinotidzidzisa kuti Mwari anotiitisa kuti tide uye kuita zvakanaka zvinoenderana nehurwongwa hwake. Ukaringana nekuda kwake, chido chemoyo wako hakusi kuzvida, zvinenge zviine chinangwa.

Toti, chido chako ndechekubatsira vanorwara vari kumba apa chipo chako ndechekuva muvhangeri, mari inowanikwa pabasa rako inogona kubatsira basa raMwari, pagotobuda mukana wekusimudzira hushumiri hwaMwari. Mwari anoda kuti ubudirire. Chido chako chikasakanganisa zvawakadanirwa naMwari zvinogona kubatsirana potobuda chombo chikuru chebasa raMwari.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Mwari akandipa simba rekuita basa rakanaka! Kungave kukereke , bhizimusi, ndinobudirira semabudiro anoita zuva mangwanani.



KUPFURIKIDZA KUVERENGA
VaFiripi 2:13



MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI
KWEMAZUVA 365
Magwaro ako ezuva ranhasi:
Numeri 21-22; Mako 6:1-31



GoodNews
DAILY

MUTAKURI WESHOKO RAKAIPA

1 Petro 5:7

Kandai kwaari kufunganya kwenyu kwose nokuti anakuchengetai

Chokwadi cheshoko raMwari chinoonekwa munhoroondo yaro yechokwadi nezvinobatika zvehupenyu hwanhasi. Asi makirisitu mazhinji anokurirwa nezviitiko zvehupenyu huno, kunyangwe shoko raMwari richiti simbisa kuti tine rugare rwatakapihwa naMwari. Rugare urwu rwakapiwa mwana wese waMwari paakagamuchira hwakirisitu namweya mutsvene. Izvi hazvire kuti shoko raMwari rinokurirwa, asi inyaya yekereke yanhasi.

Makirisitu mazhinji anorarama upenyu hwekuneta vasina zororo, kwete nekuti indonda, asi nokuti vakatakura mutoro wavasinga fanirwi kutakura. Nzvimbo yekuti vaise zvinovanetsa kuna Jesu, ivo ndivo vanoovakura. Hausi mutakuri weshoko rakaipa. Zvaunofanirwa kuita kungofamba murugare rwaMwari nekukunda kwawakagadzirirwa naKirisitu.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Handisi mutakuri weshoko rakaipa. Hazvisi zvangu zvekutakura mutoro unondiremera muupenyu. Ndinoshumira Mwari uyo akapa upenyu hwake kuti ndive mukundi, ndinofamba semukundi.



KUPFURIKIDZA KUDZIDZA
VaFiripi 4:6



MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI
KWEMAZUVA 365
Magwaro ako ezuva ranhasi:
Numeri 23-25; Mako 6:32-56



MUNAMATO WEMOYO

Mako 11:24

Naizvozvo ndinoti kwamuri, zvose zvamunokumbira mukunyengetera, tendai kuti mazvi gamuchira, uye zvichava zvenyu.

Kuvimbika kwemunamato hakuyerwi nemashoko akanaka kana nhetembo. Chinonyanya kukosha kuna Mwari chimiro chemwoyo wako. Kutenda kunobva mumwoyo. Rugwaro runoti, "Nemwoyo munhu anotenda mukururam." Kutenda kunoratidzwa kunze sechiratidzo chekutenda kwedu muShoko raMwari. Paunoratidza kutenda kwako nemashoko, kunova chiratidzo chekutenda kwemwoyo wako.

Vazhinji vechiKristu vanofunga kuti minamato yavo haigamuchirwi nekuti havana kunzwisisa izvi. Asi zivai kuti kuzivisa kwenyu mumunamato hakungori kudzikorora zvataurwa naMwari pamusoro penyu; taura mukubvumirana nekutenda kwako zvinoenderana neShoko raMwari. Munamato wemwoyo une simba rekushandura hupenyu hwako zvachose uye kuvhura zvakanakisa vakirisitu kwauri. Bata simba iroto nhasi!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Pandinomata, mwoyo wangu unoenderana nezvinotaurwa neShoko pamusoro pangu! Nemunamato wemwoyo, ndiri kushandurwa uye ndiri kuronga nzira yakajeka yekubudirira muupenyu hwangu!



KUPFURIKIDZA KUDZIDZA
VaRoma 10:10



MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI
KWEMAZUVA 365
Magwaro ako ezuva ranhasi:
Numbri 26-27; Mako 7:1-23

KUDHAKWA NAMWEYA MUTSVENE

VaEfeso 5:18

Musadhakwa newaini, nokuti ndipo pane kusazvidzora, asi muzadzwe namweya mutsvene

Zvinogona kukushamisa kuti bhabharasi rinobata vanhu pavanenge vadhakwa nedoro, mushonga kana zvimwe zvinodhaka zvinoenda panzvimbo imwechete yaunobatwa naMweya mutsvene. Zuva rePendecosta, apo pakadururwa Mweya Mutsvene, vaiona vakazvidza vadzidzi, vachiti “vanhu ava vadhakwa nedoro” vasingazivi kuti mufaro nekunyumbwira zvinozadziswa namweya neukama naMweya Mutsvene.

Ukazadzwa naMweya Mutsvene, magetsi anenge akunanaira mumabhonzoro ako, nemuropa uye muviri wese, wova mutsva wobva wasimbiswa muviri wose! Kana uina Kirisitu haudi chipi zvachokwinochitsvika, kutsvika zvimwe zvinodhaka zvinoshaya basa. Zarura moyo wako ubvise kuchiva kwenyama nezvipingaidzo, isa tariro yako kudenga wozadzwa naMweya Mutsvene!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Mweya mutsvene akafanana nemagetsi anonanaira muviri wako! Pandino zarura moyo ndichimupa mukana anobva atora hushe, ndakasimbiswa uye ndagadzirira kusangana nezvinhu zvichandiwira!



KUPFURIKIDZA KUDZIDZA
Mabasa 1:8



MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI
KWEMAZUVA 365
Magwaro ako ezuva ranhasi:
Numeri 28-30; Mako 7:24-37



Good News
DAILY

VADYI VENHAKA

VaGaratiya 4:1

Zvino ndinoti kana mudyi wenhaka achiri mwana, haana kusiyana nenhapwa, kunyange hazvo ari muridzi wezvinhu

Mumazuva ekare, madzimambo uye dzinza rakakurumbira raigadzira nhaka yevana varo, kuve nechokwadi chokuti pfuma uye nhaka yavo zvicharamba zvichienderera mberi. Vaya vaikodzera kusiirwa nhaka asi vasati vakura vaingonzi vadyi venhaka. Zvinorwadza kuti makirisitu vanorarama upenyu hwese vasina kuwana nhaka yavo yavakapiwa naMwari. Zvinokonzerwa nekusada kusiya mufaro wenyika ino uye kusada kuzvipira kuna Mwari.

Kubva kare vadyi venhaka vana vatana, nokudaro bhaibheri rinoti makabatwa nezvido zvenyama sevana vatana. Ukaramba wakabatirira pazvinhu zvenyika ino unorarama semwana mudiki, pasi pezvawakapihwa naMwari. Kuva munhu mukuru kunotanga paunotora nhaka yawakapihwa naMwari

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Nhaka yandakapihwa naMwari inokosha kupfuura pfuma nekuzivukanwa. Mwari akandigadzirira kuti ndibudirire! Ndinoramba nyika ino ndichizviisa pane vakatsanangurwa. Kushaya hakundi bati nezita raJesu. Amen



KUPFURIKIDZA KUDZIDZA
VaGaratiya 4:3



MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI
KWEMAZUVA 365
Magwaro ako ezuva ranhasi:
Numeri 31-32; Mako 8:1-21

ANOKUMBIRA HAANA SARUDZO

Zvakazarurwa 1:6

Uye akatiita ushe nouprista kuti tishumire Mwari nababa vake, ngaave nokubwinya nesimba kokusingaperi peri. Amen!

Mwari akaita vana vake madzimambo nevaprista! Chikamu chakakosha ndechekudzidza kwako nekunzwisisa pfungwa iyi: madzimambo haakumbiri! Ungave wakanzwa mashoko ekuti, "anokumbira haasarudzi." Zvichireva kuti kana uchikumbira uchagara uri munhu wepasi, unoita muranda kuzvinhu zvinenge zvichiitika wosiya zvikuru zvinodiwa naMwari. Mwari akakupa simba rekukurira zvinhu zvose.

Uri mwana waMwari wakadanwa kuti ufambe nenzira inoratidza simba, nyasha nehuwandu hunoratidza kuti uri weumambo. Nyangwe nyika ikararama zvinodiwa nenyama, kudanwa kwako naMwari kukuru. Famba samambo, kwete kunge munhu anokumbira.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

NDIRI WEUMAMBO! Nyika nemaitiro ayo zviri pasi pangu. Handinga shaiwi, kana kuva chituko. Handifaniri kukumbira Mwari kuti vashandure upenyu hwangu, vakatoshandura kare. Kukunda ndekwangu!



KUPFURIKIDZA KUDZIDZA
1 Petro 2:9



MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI
KWEMAZUVA 365
Magwaro ako ezuva ranhasi:
Numeri 33-34; Mako 8:22-38



UPFUMI HWAKAZARA

2 VaKorinde 8:9

Nokuti munoziva nyasha dzalshe wedu Jesu Kristu, kuti kunyange zvake akanga ari mupfumi, asi nokuda kwenyu akava murombo, kuitira kuti kubudikidza nourombo hwake imi mugopfumiswa.

Hapana nzvimbo yokushaya muChiKristu! Kunyangwe izvi zvinogona kuoneka sezvo zvinokakavara, rugwaro runosimbisa chokwadi ichi chesimba uye chemuviri. Vana vaMwari havasi pasi pezvinhu zvepanyika. Muchokwadi, tinodanwa kuti tiise ushe hwedu hwekumusoro hweupfumi hwakazara uye kuwanda pamusoro pazvo.

Unogona kusarudza hurombo nekusatevera zvose zvakarongerwa naKristu kuburikidza nerufu uye kumuka kwake, uchirarama pasi pezita rako raMwari, kana kusarudza kufamba mukuwanda kwechivimbiso chese chaakazadzisa. Nhaka yako mulshu ihupenyu husina kushomeka, hoshu, uye matambudziko asingakuwani, hupenyu hweUPFUMI HWAKAZARA!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndiri kubudirira muzvose zvandinoita! Ndinoramba hupenyu hwehurombo, husingaratidzi zvipo zvakarongedzwa naKristu kwandiri. Pfuma yangu uye kubudirira hakuzivi muganhu. Mikana uye makomporo achanditsvaga gore rino!



KUPFURIKIDZA KUDZIDZA
Johani 10:10



MAKWIKWI EKUVERENGA
BHAIBHERI KWEMAZUVA 365
Magwaro ako ezuva ranhasi:
Ruka 5:1-39; Mapisarema 29-31

GoodNews
DAILY

MUPI WERUDO

1 Johani 4:20

Kana munhu achiti ndinoda Mwari iye asingadi hama yake murevi wenhema. Nokuti ano naani asingadi hama yake yaanoona, haagoni kuda Mwari, waasina kumboona.

Hazvi shamisi here kuti vazhinji vanoti vanoda Ishe nemoyo wose uye nemweya wose? Asi rudo urwu haruratidzwi kune vavanoswera navo. Bhaibheri rinotaura pachena ukaita ruvengo nemunhu mumwe, zvaunoti unoda Mwari kunyepa. Zviri nyore kuita kune unoda Mwari asi rudo chairwo runonekwa nemabatiro aunoita vamwe.

Vazhinji vanoshamiswa kuti sei vasati vaona makomborero ari muBhaibheri, vasingazivi kuti mumaonero aMwari, havasi kuverengwa pane vanoda Mwari. Zvinodaro nekuti vakatakura ruvengo mumoyo mavo nekuda kwemuvakidzani wavo. Ida neasingadiki, kwete nokuti vanokodzera, asi nokuti Mwari akada iwe pakutanga, kunyangwe panguva yekutadza hwako.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndiri mupi werudo! Rudo rwangu kune vamwe chiratidzo chekuti Mwari ndiani kwandiri. Kuvenga, kunyima, uye kubatikana hazvionezwi mandiri! Amen.



KUPFURIKIDZA KUDZIDZA
VaRoma 5:8



MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI
KWEMAZUVA 365
Magwaro ako ezuva ranhasi:
Nomeri 35-36; Mako 9:1-32



KUBATWA NEMHOSVA

Nahumu 1:3

Jehovha anonoka kutsamwa uye aine simba guru, Jehovha haangasiyane mhosva asina kurangwa, nzira yake iri muchamupupuri nedutu, uye makore ndiwo guruva retsoka dzake.

Hunhu hwechiKristu chechokwadi kukurumidza kuregerera, kuda vasingadike nekuda kwerudo rwatakaratidzwa pakutanga naJesu Kirisitu pamuchinjikwa. Nyangwe ichi chiri chokwadi kuma tendi wose, vazhinji vanotora huMwari uyu voona sekupusa kana kushaya anochengeta munguva yekurwiswa newakaipa. Asi izvi kure nechokwadi.

Rugwaro rwezva ranhasi runotiratidza kuti Mwari haangasiye avo vanokurwisa iwe vasina kurangwa. Paunorasa mitoro yako kuMutongi wepanyika, vimba kuti achapa mutongo wakakodzera pamhosva dzakaitwa nemuvengi kwauri. Unoshumira Mwari ane simba guru. Usanetseke nezvinoitwa nevanhu kwauri, achabhadhara zvakaipa zvese zvaakaita kwauri!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinoshumira Mwari ANOITA ZVAKANAKA! Zvese zvakaitwa nemuvengi zvine anoona. Muvengi wangu abatwa nemhosva! Ndiri mukundi!



KUPFURIKIDZA KUVERENGA
Dheuteronomio 32:4



MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI
KWEMAZUVA 365

Magwaro ako ezva ranhasi:
Dheuteronomio 1-3; Mako 9:33-50

ZVIPATARA ZVINOSHAYA VANHU

Isaya 53:5

Asi akabaiwa nokuda kwokudarika kwedu, akakuvadzwa nokuda kwezvakaipa zvedu, kurohwa kwakativigira rugare kwaiva pake, uye namavanga ake takaporeswa.

Semwana waMwari hutano ikodzero yako kuburikidza naKirisitu akatimirira kuti tiwane ruponeso nekuda kwekumuka kwake. Hupenyu hwekurwara, hosha, kuenda kuchipatara hausi hurongwa hwaMwari. Ramba mano mano ewakaipa kuunza hurwere mumhuri yako, Kirisitu akabhadhara kuti uve nehutano hwakanaka.

Ukafamba muchokwadi ichi, Mwari anokudana kuti uve mutakuri nemupi wekupora kune avo vanoda kupora. Mwari akakupa simba pamusoro peurwere. Ibaso rako kuporesa vanorwara nekuvaburitsa murima uchivaisa muchiedza, kusvikira zvipatara zvese zvisisina vanhu.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Mwari akandipa hupenyu une utano hwechokwadi! Akandipa simba rekurapa kune vanoda! Hosha uye zvirwere hazvisi zvemhuri yangu, nezita raJesu!



KUPFURIKIDZA KUDZIDZA
Mako 16:17-18



MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI
KWEMAZUVA 365
Magwaro ako ezuva ranhasi:
Dheuteronomio 4-6; Mako 10:1-31



CHIONESO CHAMWARI

VaFiripi 1:6

Ndichiziva chinhu ichi kuti iye akatanga basa rakanaka mamuri acharipedzisa kusvikira paziva raJesu kirisitu

Pane chiono chinoshandiswa nemasaisai kukuzivisa kuti uri papi chokubatsira kuenda kwauri kuenda. Rimwe basa racho ndere kukutsvagira imwe nzira yekufamba nayo. Hazvinei nenzira dzakawanda dzaucha shandisa chinokudzosa munzira chaiyo kusvikira wasvika.

Kune muKristu, Mwari anoita zvimwechetezvo. Zvisinei nemhosva kana nzira dzakaipa dzawakatora, anoramba achishanda kuti akudzosere panzira chaiyo yechiKristu yaakakudanira. Usazvitsanangura nezvawakaita kare. Mwari haatarisi pamhosva dzako; akazvipira kukudzorera uye kukutungamira panzira yakanaka kusvikira wasvika.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA


Kubudirira kunouya ndikatevera nzira yandakaisirwa naKirisitu kuti nditevere. Nyangwe ndikakanganisa kuona ndinotenda kuti basa idzva raatanga mandiri achiripedza kusvikira ndazadzisa zvinodiwa nezita raJesu.



KUPFURIKIDZA KUDZIDZA
Jeremia 29:1



MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI
KWEMAZUVA 365
Magwaro ako ezuva ranhasi:
Dheuteronomio 7-9; Mako 10:32-52



MAFASHAMO

Zvakazarurwa 3:15-16

Ndinoziva Mabasa ako kuti hautonhori kana kupisa, ndaida kuti uve chimwe chaizvozvo, saka nokuda kwokuti unodziya zvishoma haupisi kana kutonhora ndava kuda kukusvipa kubva mumuromo wangu

Muzvidzidzo zvemamiro ekunze, mafashamo ane simba akadai anoubwa kana mhengo inopisa neintonhora ikasangana, zvikonzera kuti kuve nekusagadzika. Izvi zvinoita kuti mhengo ine simba, kunaya kwemvura zvinomutsa mhengo ine ukasha.

Naizvozvo hupenyu hwekutonhora kana kupisa muzvinhu zvaMwari hunokonzera dambudziko nekusagadzika. Kupinda nekubuda muhupenyu kunogona kuita sekunge kusina basa asi idambudziko kurunyararo, chinangwa nehukama hwako naMwari. Sarudza nhasi kutarira pana Mwari.iva nemoto kuzvinhu zvaMwari, uye uchaona zvishamiso zvake zvichiitika muupenyu hwako.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinoramba hupenyu hwepakati nepakati! Ndakazadzwa nehupenyu hwandakapihwa nakirisitu. Nekuraramira Mwari, ndinoramba mhengo yezvakaipa nemhengo inoputsa muhupenyu hwangu. Amen



KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

Jakobo 1:8



**MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI
KWEMAZUVA 365**

Magwaro ako ezuva ranhasi:

Dheuteronomio 10-12; Mako 11



Good News
DAILY

SHOKO PAKATI PEMHUKA DZESANGO

Mako 1:13

Uye akanga ari murenje kwamazuva makumi mana, achiedzwa naSatani. Akanga ari pamwechete nemhuka dzesango uye vatumwa vakamushandira.

Kupatsanurwa kunotangira zvakazarurwa! Kubva kuna Genesisi kusvika kuna Zvakazarurwa, kupatsanurwa kune basa nokuti kunobvisa zvipingaidzo nekunzvenga nzvenga. Munhu mukuru wese ari mubhaibheri akambopinda pakavanzikana asati apinda mune zvaakadanirwa naMwari. Pauro akaita makore matatu ari kuArabia, Mosesi makore makumi mana ari murenje, Jesu akaita mazuva makumi mana ari murenje. Ichi hachisi chiitiko chinongo itika, zvanga zviine basa kugadzirira nzeve dzavo kuti dzinzwe Mwari.

Kupatsanurwa kunoreva kubviswa paruzha, kunyangwe yakakukomberedza, unotarira pane zviri kudiwa naMwari wozviisa mumweya wako. Panguva yake yekupatsanurwa, Jesu akasangana nezvipingaidzo, kubva kumweya yetsvina kuenda kumhuka dzesango asi akaramba akatarira pane zvaainge afambira. Zvainge zviripo mumweya nepanyama, kusvika pakushumirwa nengirozi.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Pandino tora nguva yekuteerera Mwari, kunyange pakati pemhuka dzesango uye zvipingamupinyi, ndiri kusimbiswa uye ndiri kutarisirwa!



KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

Mateu 6:6



**MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI
KWEMAZUVA 365**

Magwaro ako ezuva ranhasi:

Dheuteronomio 13-15; Mako 12:1-27



MUKOKO WENYUCHI

Zvirevo 13:20

Uyo anofamba nevakachenjera achachenjerao, asi Shamwari yamapenzi ichakuvadzwa.

Kubudirira kwenyuchi nekurarama kwayo kunobatsirwa nevainoswera nayo. Mumukoko. Nyuchi yega yega ine zvekuita, vashandi vanotsvaga mvura inotapira, ananyamukuta vachichengeta vadiki, mapurisa achichengetedza, mambokadzi vachiita mazai kuti vachengete mbeu. Kana mumwe wavo akakundikana kuchengetedzwa nekudzikama kwemukoko kunenge kuri panjodzi. Naizvozvo semwana waMwari, tino tarisira pasi matambudziko anouya nevanhu vakatikomberedza.

Rangarira mafambiro ako naKirisitu semukoko une vanhu vakagadzirirwa kukusimudzira munzira yekudanwa kwako. Kutendera vanhu vasirivo kunogona kukonzeresa kuti usakure uye kutsauswa panzvimbo yako. Magwaro anoti bako remapenzi rino kuendesa kunoparara. Sarudza zvakachenjera. Zvikomberedze nevanhu vane pfungwa dzakafanana newe asi muchiita basa raMwari. Kwaure kuenda kune basa kupfuura kusangana nevanhu vasinga kubetsere.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndiri kufamba nehungwaru! Ndiri kuzvibvisa kubva kune zvese zvine pfungwa dzeupenzi. Hukama hwangu hunoratidza chiero chepamusoro. Ndino wirirana nevanhu vaMwari vakarongeka uye vanobatirana nevamwe sezvandinoita!



KUPFURIKIDZA KUDZIDZA
1 VaKorinte 15:33



MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI
KWEMAZUVA 365
Magwaro ako ezuva ranhasi:
Ruka 6:1-2419; Mapisarema 32-34



DZIDZO DZEVANHU

Mako 7:13

Nokudaro munoparadza shoko raMwari nokuda kwetsika dzenyu dzamakachengeta kusvika zvino. Uye munoita zvinhu zvizhinji zvakadaro.

Mamiriyoni echiKristu anorwara nekuti anotora mashoko kana tsika dzevamwe vozviita dzidziso dzavo. Bhaibheri rinoratidza pachena kuti chimwe chezvinhu chinogona kuita kuti Shoko raMwari risashande kukudza tsika dzevanhu kupfuura shoko raMwari. Muviri waunoshandisa pasi pano mutumbi chete, iwe chaiye uri mweya. Izvi zvinoreva kuti tsika yenyika yako, guta, uye mhuri inofanira kuteerera shoko raMwari.

Kana tsika dzenyika dzichikurudzira hurombo, kutsamwa, kusuruvara, kana chero pfungwa inopesana nemwero waMwari, dzirase. Mimwe mitemo yakadaro inokubira makomborero ako uye chokwadi chemweya chakaziviswa neshoko raMwari. Pakarepo pawakagamuchira Kristu, wakazvarwa patsva mu tsika yekubudirira uye utongi pamusoro pezvinhu zvenyika nemweya. Famba mukubudirira uku nhasi!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndiri kuramba tsika dzenyika ino! Chitendero chipi nechipi chisiri muBhaibheri hachina simba pamusoro pangu. Shoko raMwari ndiro chiremera chekupedzisira muupenyu hwangu; ndiri kufamba mukuzadzwa kwaro nhasi!



KUPFURIKIDZA KUDZIDZA
VaKolose 2:8



MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI
KWEMAZUVA 365
Magwaro ako ezuva ranhasi:
Dheuteronomio 16-18; Mako 12:28-44



MBAVHA YEMUFARO

Isaya 60:22

Mudikisa achava churu, mudiki achava rudzi rune simba, ndini Jehovha, munguva yacho ndichazviita nokukurumidza.

Pane chirevo chinoti, “Kuenzanisa kunoba mufaro.” Chirevo ichi chiri nyore chinoratidza chokwadi chikuru cheBhaibheri. Vazhinji vechiKristu vanorasikirwa nerugare nemufaro nekuda kwekuenzanisa hupfumi hwavo hwenguva pfupi nevamwe vanhu. Bhaibheri rinotiratidza kuti Mwari ane chinangwa chekuburitsa zvakanakisisa matiri. Semubereki akachenjera uye ane ruzivo rweese, Anonyatsoziva nguva, nzira, uye mwaka wekuburitsa makomborero aya.

Kuedzwa hakurevi kuti Mwari akurasa, kana kuti zvinhu zvikuru hazvisi kuuya. Usamboenzanisa hupenyu hwako nemutadzi. Vamwe vangaratidza kufambira mberi, asi kumhanya haku kweano mhanya nekukurumidza chete. Mwari ane hurongwa hwakakwana, hwakavanzika hwemhuri yako, hwakazadzwa nemakomborero akavimbiswa!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Handiienzanisi hupenyu hwangu nehwevamwe! Ndinoziva Mwari ane hurongwa hwakasarudzika uye hwakakosha kwandiri. Handingatyi kana kusuruvara; ndinoshumira Mwari anoitisa zvinhu ZVIITIKE! Hallelujah!



KUPFURIKIDZA KUDZIDZA
Muparidzi 9:11



MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI
KWEMAZUVA 365
Magwaro ako ezuva ranhasi:
Dheuteronomio 19-21; Mako 13:1-20

GoodNews
DAILY

KUCHIVA VASINA MWARI

Mapisarema 37:1-2

Usava neshungu nokuda kwavanhu vakaipa, uye usaitira godo avo vanoita zvakaipa, nokuti souswa vachaoma nekukurumidza semuriwo wakasvibira vachakurumidza kuoma.

Vazhinji vanorarama pasi pekufunga kuti kereke iri shure kwepasirese mukurarama, zvino vaita kuti vade avo vane nzvimbo dzepamusoro muumambo hwerima. Asi Bhaibheri rakajeka. Mumwe angave aine upfumi hukuru uye simba, asi kana uchiziva kuti uri ani uye uri wani zvinzvimbo zvevamwe hazvienzaniswe newe.

Kukudza vasina Mwari, unozvi vhurira mukana wekufanana navo uchitora hunhu nemaitiro avo. Muna Kristu, une upfumi, chinzvimbo, uye chiremera chakakura kupfuura chero munhu akabatana nerima. Hauzi kungova wakagadzirira chete; wakagadzirira uye wakasimbiswa kano pfuura zviuru kune vamwe kunyangwe matambudziko anounzwa nemuvengi.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Handidi kushuvira hupenyu hwevasina Mwari! Handingatenderi kukanganiswa nemuvengi. Kunyangwe venyika vaine simba ravainaro, ndinoshumira Mwari mukuru uye akakwirira kupfuura vese! Amen!



KUPFURIKIDZA KUVERENGA

1 Johani 4:4



**MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI
KWEMAZUVA 365**

Magwaro ako ezuva ranhasi:

Dheuteronomio 22-24; Mako 13:21-37



GoodNews
DAILY

ZVIRI KWAURI

Jakobo 1:22

Musangova vanzwi veshoko bedzi, uye nokudaro muchizvinyengera. Itai zvarinoreva.

Waizviziva here kuti hupenyu hwako, kunyanya kubudirira uye hutano, zvese zviri mumaoko ako? Hazvina basa kuti wakavimbika kana wakazvipira kuna Mwari sei, Haangokupi hutano kana hupfumi zvoga. Izvi hazvisi mubaiyiro, ndizvo mhedzisiro yekushandisa Shoko Rake.

Mwari akakupa Shoko Rake achitarisira kuti, kuburikidza nekuri shandisa kwako, chivimbiso chimwe nechimwe chaakaita chichazadziiswa muupenyu hwako. Asi vazhinji vanotenda Mwari, vasingazivi musimboto uyu, vanotenda nhema kuti “zvinhu zvakaipa zvinogara zvichiitika kuanhu vakanaka.”

Chokwadi ndechekuti, kunyangwe kuzvipira kwako kuna Mwari kwakakosha, hakugadziri mhando yehupenyu hwechiKristu. Kushandisa misimboto yeBhaibheri ndiko kunoita kuti Mwari akupe simba uye chiremera chekuchinja hupenyu hwako. Mubvunzo chaiwo ndewekuti, uchazvishandisa here?

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Kubudirira kwangu kuri mumaoko angu! Mwari akatondipa zvinhu zvese kuti ndibudirire. Gore rino, ndichashandisa zvese zvandakapiwa nezita raJesu! Amen.



KUPFURIKIDZA KUDZIDZA
Ruka 10:19



MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI
KWEMAZUVA 365
Magwaro ako ezuva ranhasi:
Dheuteronomio 25-27; Mako 14:1-36



GoodNews
DAILY

ZVAUNOONA NDIZVO ZVAUNOWANA

Joshua 6:2

Uye Ishe akati kuna Joshua, Tarira, ndakapa mumaoko ako Jeriko, uye mambo wayo, pamwe nevarwi vakasimba.

Nyika ino inoonekwa inotungamirwa nezvinoitika mumweya. Saka, usati wawana zvawakapihwa naKiristu, unofanira kutanga wazviona zvichiitika mumweya—kwete neziso remunhu, asi neziso remweya. Iyi ndiyo imwe yemisimbati inokosha yeUmambo.

Mugwaro ranhasi, Joshua anoratidza zviitiko zvakatungamira kuhondo yeJeriko. Mauto nehondo vasati vagadzirira kuenda kuhondo, Mwari akataura kuti guta ratopiwa mumaoko ake. Zvese zvaaida kuita kwaiva kungoona zvichiitika.

Mwari akatokupa zvese zvaunoda kuti ubudirire. Zwiwone zvichiitika mumweya kuburikidza nemunamato uye kuverenga Shoko Rake, uye zvichazoneka zvichiitika munyika ino.

KUZIVISA KWOUFEMBERI

Ndiri kuona kubudirira, hutano hwepamusoro, mikova yemukana, uye makomborero zvakapiwa mumaoko angu! Ndatokunda hondo nemuvengi muzvikamu zvese zveupenyu hwangu. Amen.



KUPFURIKIDZA KUDZIDZA
Genesisi 13:14–15



MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI
KWEMAZUVA 365
Magwaro ako ezuva ranhasi:
Dheuteronomio 28-29; Mako 14:37-72



MWARI ANOTI CHII?

Jobho 22:28

Zvaunotaura sechirevo zvichaitika, uye chiedza chichavhenekera panzira dzako.

MaKirisitu mazhinji vakapotsa chokwadi nekukosha kweshoko raMwari kunodzidzisa simba rekutaura. Kuzivisa hakusi kwekungoramba uchifunga zvakanaka kana kudzivisa zvakaipa chete; ndezvekubatanidza mashoko ako nechokwadi cheShoko raMwari. Gwaro ranhasi rinotiratidza kuti kana uchizivisa maererano neShoko raMwari, unomutsa kuda kwaMwari munyika ino.

Kuzivisa haisi dzokororo yekungodzokorora seshiri. Kunokosha chete kana mashoko ako achiratidza zvinotaura Mwari pamusoro pako. Saka, Mwari anoti chii? Anoti akauya kuti ubudirire uye uve nehutano hwakanaka. Kuti une chiremera pamusoro pevasimba nesimba. Kuti hausi wepasi rino. Zivisa izvi nesimba! Hazvisi zvechokwadi chete mumweya; zvinoshanda zvakare munyika ino.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Mashoko andinotaura ano fambirana zvizere neShoko raMwari. Pandinotaura zvinoenderana neBhaibheri pamusoro peupenyu hwangu, ndinokongerera kuti chokwadi ichocho chiitike muupenyu hwangu, nezita raJesu. Amen.



KUPFURIKIDZA KUDZIDZA
2 VaKorinte 4:13



MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI
KWEMAZUVA 365
Magwaro ako ezuva ranhasi:
Dheuteronomio 30-31; Mako 15:1-24



GoodNews
DAILY

KUGUTSIKANA NEZVIRI NYORE

2 Timotio 4:2

Paridza shoko, ugare wakagadzirira panguva yakafanira kunyange isakafanira, raira, tsiura uye ukurudzire nomoyo murefu zvikuru uye nokudzidzisa zvakanaka

Mumazuva ano ekupedzisira, vashumiri pasi rose vari kugombedzera kukosha kwekuunza vanhu kuna kirisitu, vachibviswa murima vachiiswa kuchiedza chemwana komana Jesu kirisitu. Zvisinei makirisitu vanongoparidza zviri kuenderana nenguva iyoyo, vasinganzwi Mweya Mutsvene kuti vataura zvinoda Mweya. Ndima yanhasi inoti yeuchidza kuti tigare takagadzirira kuudza vamwe nezvekutenda, munguva yakafanira neisina.

Mwari haashandi nezvinoenderana nenguva yatinoda. Kana Mweya Mutsvene akukurudzira kutaura, usamirire nguva inoita kunge yakakodzera, ita izvozvo! Jesu, muenzaniso wedu wakakwana, akataura Shoko nesimba, zvisinei nevaya vaida kumukuvadza. Ramba kushandura zvinoreva shoko raMwari. Usaomesa musoro paunotungamirirwa naMweya mutsvene kutaura nevamwe vanhu nezveKirisitu. Sarudza kugutsikana pane kuita zviri nyore.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndagara ndakagadzirira kuparidza mashoko aJesu Kristu kune munhu wese, chero kupi, chero nguva! Kutya kurambwa hakuzombovhiringidza kusimbisa kwangu kubatsira vamwe. SaJesu, ndinosarudza kusimbisa pane nyore! Amen.



KUPFURIKIDZA KUTAURA
1 Petro 3:15



MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI
KWEMAZUVA 365
Magwaro ako ezuva ranhasi:
Dheuteronomio 32-34; Mako 15:25-47



PAMUSORO PEMAMIRIRO EZVINHU

Romas 12:2

Musaramba muchizvienzanisa namaitiro enyika ino, asi mushandurwe nokuvandudzwa kwepfungwa dzenyu. Ipapo muchakwanisa kuti muedze uye mugoziva kuti kuda kwaMwari ndokupi, kuda kwake kwakanaka uye kunomufadza

Pane nyika iri pamusoro penyika ino, nyika yekubwinya, ikoko Shoko raMwari ndiyo nheyo yezvinhu zvose. Munzvimbo iyi, mitemo chete inoshanda ndeyeShoko raMwari. Kuburikidza naKristu, newewo uri wenzvimbo iyi, uye Mwari akakupa shoko kuti ugadzirire hupenyu huri pamusoro penyika ino. Usataure kuti ndiri pasi pezviri kuitika, hachisi chokwadi ichocho. Muna kirisitu unorarama pamusoro pezvinoitika.

Kuti ufambe zvizere muupenyu uhwu, pfungwa dzako dzinofanira kupinda pasi peShoko raMwari zuva rega rega. Nekuisa nyama yako kuchokwadi chaMwari, unotiza kubva pamaitiro inyika ino, unoputsa hutachiona, kushaya, kushungurudzika uye kuomerwa, uye unopinda muupenyu hutsva hwekubudirira nehuwandu hwazvo

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndiri kugara pamusoro pemamiriro ezvinhu! Ndiri kurarama hupenyu huri kure zvikuru nezvinetso zvinosangana nenyika. Ndakazvarwa munyika yekubwinya kwaMwari! Amen.



KUPFURIKIDZA KUDZIDZA
VaEfeso 2:6



MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI
KWEMAZUVA 365
Magwaro ako ezuva ranhasi:
Joshua 1-3; Mako 16



SABABA NEMWANA

2 VaKorinte 3:18

Zvino isu, vane zviso zvisina kufukidzwa tose tinoratidza kubwinya kwaShe, tiri kushandurwa kuti tifanane naye nokubwinya kunoramba kuchiwedzerwa, kunobva kunalshe, anova iye Mweya

Ishe Jesu akararama pasi pano kwete semwanakomana waMwari mune kubwinya kwake kwakazara, asi semwana wemunhu. Akasarudza kushanda semunhu kuratidza kuti minana, zviratidzo, uye zvishamiso zvaakaita zvinogonekwa kuitwa newe, mwana wake, kunyange uri munyama yepano pasi.

Paunoverenga magwaro uchiona huchapupu hwehushumiri hwake, usaona Mabasa ake sekunge asingaitiki. Kristu akauya kuti ave muenzaniso wakakwana, chironwa chekurarama kwedu. Rufu rwake pamuchinjiko haruna kungova kwekuponesa chete; rwaive kuti ugamuchire uye ufambe nesimba nehupenyu hwakafanana neHwake.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndine upenyu hwaKristu mukati mangu! Ishe Jesu ndiye muenzaniso wangu wakakwana, uye pandinoverenga nekufungisisa Shoko Rake, ndiri kushandurwa zuva nezuva kuva mufananidzo wake chaiwo. Amen.



KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

1 Johani 4:17



**MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI
KWEMAZUVA 365**

Magwaro ako ezuva ranhasi:
Joshua 4-6; Johani 1:1-28



CHERO ZVAZVAITA

Ruka 10:19

Ndakupai simba rekuti mutsike pamusoro penyoka nezvinyavada uye kuti mukunde simba rose remuvengi, Hapana chichakukuvadza!

Pane chirwere chevanotenda muna Mwari vanokanganwa kuti vane simba rinoshandura upenyu hwavo. Vamwe havazivi zvekuita, vanotendera zvavano pfuurana nazvo kuti zviite zvazvinoda, nzvimbo yekuti vakonzere shanduko. Mashoko ekuti chero zvazvaita kana kuti kana zviri zvangu zvichauya kwandiri manyepo anobva kune muvengi anoita kuti usawane nhaka yako.

Semwana akazvarwa naMwari, wakapihwa simba nehukuriri kuti ukunde hurongwa nemafungiro ewakaipa. Unogona kudana zvese zvawakapiwa naKirisitu zvikauya. Izvi zvinoreva kuti unogona kutaura hupfumi, kupora woudza ropafadzo yesa kuti iuye nekukurumidza muhupenyu hwako. Tora shoko raMwari, famba muchokwadi charo, woona upenyu uchishanduka zvamuchose.

KUZIVISA KWOUFEMBERI

Handi pofamadzwe maziso! Hapana mamiriro ezvinhu anopfura simba rangu rekushandura. Handisi mukirisitu anobatikana; ndinoita kuti zvinhu zviite sezvandinoda! Amen.



KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

Firipi 4:13



**MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI
KWEMAZUVA 365**

**Magwaro ako ezuva ranhasi:
Joshua 7-9; Johani 1:29-51**



GoodNews
DAILY

KUSAZIVA SHOKO

Hosea 4:6

Vanhu vangu vanoparadzwa nokuda kwokushaiwa zivo. Sezvo maramba zivo ini ndinokurambaiwo sava prista vangu, nokuti makashairao hanya murairo waMwari wenyu, ini ndichashairao hanya vana venyu.

Muimba yemutemo, kusaziva hakushandi sechikonzero. Zvinosuruvarisa, vazhinji vechiKristu havazivi chokwadi cheShoko raMwari. Nekuda kweizvozvo, vanorarama hupenyu hwepakati hune marwadzo, hurombo, kushaya, uye kuomerwa. Kwete nekuti ndizvo zvinoshuvira Mwari, asi nekuti havana ruzivo rwezvavanofanira kuva nazvo.

Bhaibheri rinotaura pachena: vanhu vaMwari vanoparara nekuda kwekushaya zivo, kwete nekuti muvengi akasimba zvakananyanya, asi nekuti havana kugadzirira kumurwisa. Shoko raMwari ndicho chombo chako. Nokuriverenga uye kufungisisa pamusoro paro, unowana zvombo zvemweya zvekukunda kurwiswa kwese nemuvengi. Rambai kurarama pasi penhaka yako. Famba nesimba uye zvivimbiso zveShoko raMwari!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndiri chiKristu anodzidza! Kuburikidza nekuverenga Shoko raMwari, ndiri kuzvishongedza kuti ndigone kurwa. Pandinoverenga Shoko, muvengi haamire! Rumbidzai Mwari. Amen.



KUPFURIKIDZA KUDZIDZA
Isaya 5:13



MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI
KWEMAZUVA 365
MAGWARO AKO EZUVA RANHASI:

Joshua 10-12; Johani 2



GoodNews
DAILY

GWARA RECHIPOROFITA

CHEMAZUVA OSE

Nhau Dzakanaka dzinofara kukuzivisai nezve mabhuku akagadzirirwa vechidiki nevana, richifambidzananebhuku redu rikuru rekunamata. Gwaro rega rega rinopa chiporofita chezuva nezuva kubva pamoyowemuporofita Uebert Angel, rakagadzirwa nezira yekuti rinobata mazera ese uye richibatanidza munhu wesemumhuri.

Gwaro remunamato iri rakabatanidzwa zvine unyanzi kuitira kuti Shoko raMwari ribuditse upenyu nenzirainogamuchirika, uye richibata upenyu, richibatsira muverengi kuti akure mukutenda, kunzwisisa nekukurapamweya. Basa redu ndere kuti chokwadi chaMwari chibate mazera ose, richikurudzira kuti vanhu vadzikemidzi muukama hwavo naMwari zuva roga roga.

GWARO REVECHIDIKI

Rinodzamisa mudzidziso
inosimudzira vechidiki kuti
vapfuure zvimhinga mupinyi
neuchenjeri
hwemweyamutsvene uye
nesimba.

GWARO REVANA

Rakagadzirirwa kuunza nheyo
yekutenda, rudo nezvivimbiso
zvaMwari nenzira inodakadza
uye inobatirana kutimoyo
yevechidiki ikure muukama
naMwari nekuunza Shoko kuti
rive mhenyu.



Zuva rega rega, uchagamuchira chiporofita chako chakanyorwa nemuporofita Uebert Angel, zvinyorwa izvizvinosimbisa nzira yako naMwari nekukuisa mugwara rekurarama mushoko rake. Inzira inesimba kusimudzamhuri kuti dzikurirane mukutenda nekudzamisa kunzwisisa chokwadi chaMwari.

USASARIRE!

TANGA KUONA SIMBA RINOSHANDURA RE NHAU DZAKANAKA,
HUTUNGAMIRI
HWAKAGADZIRIRWAKUSIMUDZIRA NEKUKURUDZIRA NDUDZI
DZOSE!



SCAN ME



ISHE WEDU JESU KRISTU

Ishe wedu Jesu Kristu ndivo dzinde rekutenda kwechiKristu, hupenyu hwavo nedzidziso yavonesimba guru ravo zvahasandura vazhinji munhoroondo. Ishe wedu Jesu Kristu anozivikanwa netsitsidzake dzisingaenzaniswi, huchenjeri, nezviito zvinoshamisa zvavakaita. Nhau dzake dzakatarisananerudo, kukanganwira, uye vimbiso yehupenyu husingaperi, kupa tariro neruponeso kune vesevanotenda maari. Muhushumiri hwavo hwese, vakafamba nenyika dzeJudhiya, vachiporesavanorwara, vachinyaradza vanotambudzika, uye vachidzidzisa nezveumambo husingaperi hwaMwari.

Kugamuchira Jesu Kristu salshe nomuponesi wako zvinoreva kugamuchira dzidziso dzakenekugamuchira simba rinoshandura hupenyu. Irwendo rinozadzisa chemweya, runobva padzinderekutenda, rudo, uye vimbiso yeruponeso.

Kubudikidza nalshe wedu Jesu Kristu, tinowana simba, tariro, nenzira inoenda kurugare rusingaperi. Kuporeswa, kana kuponeswa, kuzviisa pasi paMwari, chirongwa chake, chinangwa chehupenyuhwedu. Kuzvitendeutsa kubva munzira dzedu dzekare nekutendeukira kuna Jesu Kristu, kumukumbira kuti akanganwire zvivi zvedu nekupa hupenyu hutsva maari.

VaRoma 10:9 inoti:

"Kana ukareurura nemuromo wako kuti Jesu ndilshe, akatenda mumoyo mako kuti Mwariwakamumutsa kubva kuvakafa, uchaponeswa."

Ruponeso chipo chaMwari chemahara kwatiri uye tinova vana vake. Chitendero chisingadzoreki kuvamumhuri yaMwari uye kurarama hupenyu hwese zvizere nechinangwa chekuratidza Mwari kune vosevasingatendi.



WAKAGAMUCHIRA

JESU KRISTU HERE?

"For the Son of man is come to seek and to save that which was lost." – Luke 19:10 (KJV)

**TINOKUKOKA KUTI UITE JESU KRISTU
ISHE WEHUPENYU HWAKO NEKUNAMATA MUNAMATO UYU;**

"O ISHE MWARI, NDINOUYA KWAMURI MUZITA RA JESU KRISTU. NDINOTENDA NEMWOYO WANGU WESE MUNA JESU KRISTU, MWANA WAMWARI MUPENYU. NDINOTENDA AKANDIFIRA UYE MWARI VAKAMUMUTSA KUBVA KUVAFU. NDINOTENDA KUTI MUPENYU NANHASI. NDINOREURURA NEMUROMO WANGU KUTI JESU KRISTU NDIYE ISHE WEHUPENYU HWANGU KUBVA NHASI. KUBUDIKIDZA NAKE UYE MUZITA RAKE, NDINE HUPENYU HUSINGAPERI; NDABEREKWA PATSVA. MAZVITA ISHE, NEKUPONESA MWEYA WANGU! NDAVA MWANA WAMWARI. HALERUYA!"

**MAKOROKOTO!
WAVE MWANA WAMWARI.**

Continue to grow by staying in His Word, praying daily, and keeping your faith strong. God has an incredible journey ahead for you.

Kuti urambe uchikura muchi kirisitu tibate:

UK: +44 3333 448 612 | **USA** +1 240 781 6942

RSA: +27 51 004 0209 | **ZWE** +263 773 195 955

Email: gnd@goodnewsworld.com





RUGWARO

RWEKUDZIVIRIRWA

You Are Surrounded by God's Power, No Evil Can Stand Against You!

ISAYA 54.

14 MUCHASIMBISWA MUKURURAMA: KUMANIKIDZWA KUCHAVA KURE NEMI: HAPANA CHAMUCHAZOTYA. KUTYA KUCHAVA KURE NEMI; HAKUCHAZOSVIKE PEDYO NEMI

15 KANA MUMWE AKAKURWISA, HANDISINI NDINENGE NDAZVIITA; ANI NAANI ACHAKURWISA ACHAZVIPIRA KWAURI

16 TARIRA NDINI NDAKASIKA MUPFURI WESIMBI ANOPFUTIDZA MAZIMBE MOTO UGONGANDUMA, UYE ANOPFUURA MUNONDO WAKAKODZERA PABASA RAWO. UYE NDINI NDAKASIKA MUPARADZI KUTI APARADZE.

17 HAPANA MUNONDO UCHARWISANA NEWE UKAKUNDA, UYE UCHAKONESA RURIMI RUMWE NORUMWE RUNOKUPOMERA MHOSVA. IYI NDIYO NHAKA YAVARANDA VAJEHOVHA, UYE UKU NDIKO KURURAMISIRWA KWAVO KUNOBVA KWANDIRI," NDIZVO ZVINOTAURA JEHOVHA

IZVI NDIZVO ZVATAURWA NAMWARI KWANDIRI UYE HANDIZOKUNDIKANI MUZITA RA JESU!

Kuti urambe uchikura muchi kirisitu tibate:

UK: +44 3333 448 612 | **USA** +1 240 781 6942

RSA: +27 51 004 0209 | **ZWE** +263 773 195 955

Email: gnd@goodnewsworld.com



SCAN ME



CHIPO

CHERUPONESO

VaRoma 10:9 Kana ukapupura nemuromo nomuromo wako kuti, Jesu ndiye Ishe uye ukatenda mumwoyo wako kuti Mwari akamumutsa kubva kuvakafa, uchaponeswa.

Ruponeso munana mukuru kupfuura zvinhu zvose. Hauuyi nemabasa akanaka kana kuenda kukereke, chipo chemaharachinobva kuna Mwari. Pakafa Jesu akamuka, akazarura mukana wekuti munhu wese aponeswe kubva muzvivi akaunzahupenyu husingaperi. Maoko ake akazarurwa, kugamuchira munhu wese anotenda nekudana zita rake.

Hazvinei nekwawaka mboenda kana zvawakamboita. Ropa reJesu rinochenesa zvivi zvose, kuvhiringa kwose, nepawakakanganisa. Mukana mumwe wekutenda, zvese zvakare zvinokanganirwa, hupenyu hutsva hwatotanga. Zvosezvaungaita kutenda mumoyo mako kuti Jesu ndiye Ishe wopupura nemuromo wako. Izvezvi, unogona kumugamuchira.

Taura uchiti: "Ishe Jesu, ndinotenda makandifira mukamuka. Ndinokugamuchirai saMambo nemuponesi wangu."

Zvatoita, wava chisikwa chitsva! Wabva murufu uchienda kuupenyu husingaperi.





NGUVA

YEKUPORESWA KWAKO

1 Petro 2:24 Iye pachake akatakura zvivi zvedu mumuviri wake pamuti, kuitira kuti isu tife pazvivitigorarama zvakarurama, namavanga ake imi makaporeswa.

Kupora hachisi chivimbiso chezvinhu zvingada kuzoitika, ibasa rakatopera. Jesu paakaroerwa pamuchinjikwa ,haana kutakura zvivi chete, akatakura hurwere , marwadzo nehosha dzose. Mavanga ake akabhadhara kuti uvevakazadziswa.



Haufanire kutambura kuti upore; hutano hwako hwakaitika makore zvuru zviviri akapfuura. Zvangosarandezvekuti ungotenda. Nguva yawaka gamuchira Jesu, simba iroso rakamumutsa kubva kuvafi rinotangakushanda mumuviri wako.

Taura hupenyu kutsinga nemabhonzo emuviri wako. Ramba kuzviona uchirwara. Asi taura nesimba uti"Namavanga ake, ndakaporeswa"

Izvezvi simba re kupora riri kufamba mumuviri wako. Hurwere hwese hunofanira kupfugama nezita raJesu.

Gamuchira , kupora kwako izvezvi!



CHIONO CHEPASI ROSE CHINODA

HOMWE YEPASI ROSE

BATSIRANA NENHAU DZAKANAKA



Mwedzi wega wega vatinobatirana navo vanobatsira kupa Nhau Dzakanaka kuvanhu vese vari munzvimbodzinochengetwa nenherera, mujeri, muzvipatara, kuzvikoro, kuhurumende nedzimwe nzvimbo pasi rose. Tinogamuchira uchapupu wekuporeswa, nemimwe minana nekuda kwemushandira pamwe wekuparadzirashoko raMwari munyika dzose.

Batana nesu tifambe neushumiri hwaMwari, tichipa vamwe mukana wekushandura upenyu vowana mukanamutsva netairo itsva yeupenyu hwamangwana

Kuti urambe uchikura muchi kirisitu tibate:

UK: +44 3333 448 612 | **USA** +1 240 781 6942

RSA: +27 51 004 0209 | **ZWE** +263 773 195 955

Email: gnd@goodnewsdaily.com



SHOKO RIMWE

MITAURO YAKASIYANA

NOKUTI SHOKO RAKIRISITU HARUZIVI ZVIPINGAIDZO ZVEMUTAURO

Nhau Dzakanaka dziri kushandura upenyu hwevanhu vakawanda nekuda kwemitauro yakasiyana inotaurwa pasi rose, vanhumamiriyoni vawanirwa mukana wekuziva Jesu Kirisitu nekuda kweizvozvi. Nyika nendudzi dzose, vari kuwanirwa mukanaweshoko rechiporofita hupenyu huchitoshanduka vachisangana naMwari nekuda kwebhuku irori.



Nhau dzakanaka riri kuwanikwa kwese richitaura nemoyo yevanhu mumitauro yavo yavanoshandisa munyika mavo. Kubvakumba, kuzvikoro kukereke kunyangwe vatungamiri venyika chaivo, riri kupinda nzvimbo dzose richibata vanhu munzvimbo dzavari.

Nekutakura inzwi rechiporofita chemuporofita Uebert Angel kunyika nendudzi dzose, Nhau Dzakanaka riri kubatsira kuzadzisabasa gura munguva ino.

KANA WADA KUBATSIRANA NESU SVIKA PAWEBSITE:

TINOKUGAMUCHIRA ONLINE HUB



WANA ZVIZERE SHANYIRA WEBSITE YEDU NHASI

Shanyira website yeNhau Dzakanaka kuti uwane bhuku revakuru, vechidiki, nere vana, rimwe chete rakanyorwakusimbisa kutenda kwako uye kuti uve neudzamu wekunzwisisa shoko raMwari. Website ine dzidzisodzemuporofita Uebert Angel, zviziviso zveNhau Dzakanaka, nezvimwe zvinobatsira kuti ukure nekusimbiswamune dzimwe nzvimbo dzeupenyu hwako.

Kana uchitsvaga kurudziro yezuva rega rega, chizaruro chakadzama, kana nzira dzekuti ubatirane ne Goodnews World, zvese izvi unozviwana panzvimbo imwechete inova website ye Nhau Dzakanaka.




Batana nesu pasocial media:
@goodnewsdailydevotional


For daily encouragement, teachings and uplifting messages.

OUR WEBSITE


ZUVA REGA REGA



Batirana neungano yevateereri pasi rose vanotanga zuva nekunzwa Nhau Dzakanaka. Terera Nhau Dzakanaka paSpotify zvinobatsira ukama hwako pakufamba naMwari kuti ukure mumweya nechokwadi cheshoko urimudzidziso dzemuporofita Uebert Angel.



ZUVA REGA REGA



Tinounza uchapupu hwezviri kuitika pasi rose kuburikidza ne Nhau Dzakanaka paYouTube channel yedu. Bhuku remunamato rine mukurumbira rabata upenyu hwevakawanda richiparidza shoko retariro, rudonekutenda. Nedzidziso yemuporofita Uebert Angel, Nhau Dzakanaka raita chombo chikuru mukushanduraupenyu, nekupa gwara kuvatendi uye kusimbisa kufamba kwevanhu naMwari.



SUBSCRIBE NOW

BATANA NESU WANA KURUDZIRO

06:00 AM

ALARM FOR TODAY: A LIFE OF PEACE & JOY

GARA NEBHERO RENHAU DZAKANAKA
WWW.GOODNEWSDAILYDEVOTIONAL.COM

GoodNews DAILY CONNECT

SHOKO MHENYU ZUVA REGA REGA,
NHANHO IMWECHETEY



RAKUWANIKA

Batana neshoko raMwari kwese kwaunenge uri! Sangana nebhu ku remunamato, mune shoko rinosimudziranedzidziso dzine simba dzemuporofita Uebert Angel dzinokusimbisa nekuvaka kutenda kwako zuva nezuva.



Get it on
Google play



Available on the
App Store

CHITORO CHEDU

ZVESE ZVINODIWA UNOZVIWANA PANZVIMBO IMWECHETE



MUBATANIDZWA WENHAU DZAKANAKA CHIKAMU CHEKUTANGA

Kurarama hupenyu une zvibereko muna kirisitu zvinotanga nemoyo unoda kuziva nekunzwisisa shoko raMwari. Mubatanidzwa we nhau dzakanaka wakanyorwa nemuporofita Uebert Angel, unoitisa kuti rwendo urwu ruve nyore uyechinangwa chinobatika. Chikamu chekutanga chinouya nezvikamu zvine simba mubhuku rekunamata nedzidzisodzakasiyana, zvese zvakagadzirwa nenzira iri nyore uye inonzwisika. Gwaro roga roga rinokubatsira kukura mukutenda, zvizaruro mukutenda neukama unoshandura upenyu hweshoko raMwari zuva rega rega.

**KUTI UWANE
ZVIZERE ENDA APA**



USE BELOW CODE FOR 10% OFF FIRST PURCHASE:
GOODNEWS10



ISSUE 1 | 2026

NDIRA - KUKADZI - KURUME

Nhau Dzakanaka ibhuku remunamato rakagadzirwa ne Spirit Embassy Goodnews Church, ine dzidziso dzechiporofita nezvakazarura zvemuporofita Uebert Angel. Rakazvipirakufambisa shoko raJesu Kirisitu nekusimbisa vatendi neshoko raMwari.

KUTI MUWANE ZVIZERE, MUNAMATO, KANA KUBATIRANA, BATA SANGANO RIRI PEDYO NEWE

Zita resangano:

Zita remunhu:

Nhare:

Email:

Kero:

Copyright © 2025 by Uebert Angel
All rights reserved.

support@goodnewsworld.com
www.goodnewsworld.com

For further information or to share your testimony:
gnd@goodnewsworld.com | www.goodnewsdailydevotional.com

To further grow as a Christian contact us:

UK: +44 3333 448 612 | **USA** +1 240 781 6942

RSA: +27 51 004 0209 | **ZWE** +263 773 195 955

Email: gnd@goodnewsworld.com





For further information on how to
grow as a Christian, please get in
touch with us at:

UK: +44 3333 448 612
USA +1 240 781 6942
RSA +27 51 004 0209
ZWE +263 773 195 955

gnd@goodnewsworld.com
goodnewsdailydevotional.com

SCAN FOR YOUR
FREE DOWNLOAD

